Æппæт бæстæты пролетартæ, баиу ут!

РÆСТДЗИНАД

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы, Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы æмæ Министрты Советы органæн
Орган Северо-Осетинского обкома КПСС, Верховного Совета и Совета Министров Северо-Осетинской АССР

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы

1990
АПРЕЛЬ — ХУЫМГÆНÆНЫ МÆЙ
20
МАЙРÆМБОН
№ 77 (17759)

Аргъ 3 кап.

ИНФОРМАЦИОН ХЪУСЫНГÆНИНАГ

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы ДЫУУАДÆСÆМ РАВЗÆРСТ СÆЙРАГ СОВЕТЫ ДЫККАГ СЕССИ

1990 азы 19 апрелы горæт Орджоникидзейы Советты кæдзары æмбырдтæ аразæн залы йæ куыст дарддæр кодта Цæгат Ирыстоны АССР-йы дыууадæсæм равзæрст Сæйраг Советы дыккаг сесси.

Æмбырды сæрдарыгæй кодта Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Сæрдар Галазты Æ. Х.

Сессийы дыккаг æмбырды боны фæткмæ хаст æрцыдысты ахæм фарстатæ:

1. Цæгат Ирыстоны АССР-йы Цæрæнуæтты-коммуналон хæдзарады министрад саразыны тыххæй.

2. Цæгат Ирыстоны АССР-йы Хъæууон хæдзарады министрад саразыны тыххæй.

3. Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министрты Советы сæрдары хæдивджыты тыххæй.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министрты Советы сæрдар депутат Хетæгкаты С. В. докладмæ гæсгæ Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Совет сфидар кодта уынаффæтæ «Цæгат Ирыстоны АССР-йы Цæрæнуæтты-коммуналон хæдзарады министрад саразыны тыххæй» æмæ «Цæгат Ирыстоны АССР-йы Хъæууон хæдзарады министрад саразыны тыххæй».

Уый фæстæ депутаттæ ныхас кæныи райдыдтой боны фæткы иннæ фарстайыл.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министрты Советы сæрдар депутат Хетæгкаты С. В. Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советмæ æркæсынмæ бахаста кандидатурæтæ Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министрты Советы сæрдары хæдивджыты æмæ Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министрты Советы хъуыддæгтæ аразæджы бынæттæм сæ снысан кæныны тыххæй.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советмæ бавдыст кандидатурæтыл рагагъоммæ æрныхас кодтой Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы комитеттæ æмæ къамисты иумæйаг æмбырды æмæ фæндон хаст æрцыд сфидар сæ кæныны тыххæй.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Совет снысан кодта:

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министрты Советы сæрдары фыццаг хæдивæрæй — Таболты А. К.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министрты Советы сæрдары фыццаг хæдивæрæй — В. М. Никотины.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министрты Советы сæрдары хæдивæрæй — Къарджиаты Э. Хъ.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министрты Советы сæрдары хæдивæрæй — Лагкуты Р. О.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министрты Советы сæрдары хæдивæрæй. Цæгат Ирыстоны АССР-йы Госпланы сæрдарæй — Алыккаты М. Г.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министрты Советы хъуыддæгтæ аразæрæй — Дзуццаты С. Х.

1990 азы 20 æмæ 21 апрелы депутаттæ сæ куыст дарддæр кæндзысты Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы комитеттæ æмæ къамисты.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы дыууадæсæм равзæрст Сæйраг Советы дыккаг сесси йæ куыст дарддæр кæндзæн 1990 азы 25 апрелы.

ПАРАХАТ НЫХАС

Радон æмбырды Цæдисы Совет æмæ Нациты Советы депутаттæ дарддæр ныхас кодтой, Т. Х. Гдлян кæй сæргъы лæууыд. ССР Цæдисы прокуратурæйы уыцы слестгæнæг къорды архайдимæ баст æрмæг бæрæг кæныны фæдыл Сæйраг Советы къамисы хатдзæгтыл. Фæлæ та, райсомæй æвæрд чи 'рцыд, уынаффæйы уыцы ног хуыз дæр Сæйраг Советы зæрдæмæ нæ фæцыд. Хаст æрцыд уынаффæ: проектыл ма куыстгонд æрцæуæд ноджыдæр æмæ йæ къамис æрæвæрæд изæры æмбырды.

Уый фæстæ депутаттæ дарддæр ныхас кодтой паддзахадон, арендон, кооперативон, æхсæнадон æмæ æндæр куыстуæттæй, иугæндтæ æмæ организацитæй фидонты тыххæй ССР Цæдисы Закъоны проектыл.

Нæ хæдзарадон æмæ экономикæйы финансон механизм бындуронæй фæхуыздæр кæнынæн бындур баваæрын йæ нысан кæмæн у, уыцы Закъоны проекты фæдыл ныхас тæккæ фыццаг бакасты рæстæг равдыста, документы къорд сæйраг уагæвæрдмæ тынг кæй æхсайы депутатты зæрдæ. Преныты фыццаг раныхасгæнæг депутат Е. П. Велихов проектмæ бирæ иннæ фиппаинæгты 'хсæн радих кодта иу: бындурон наукæ хъуамæ уæгъдгонд æрцæуа фиддонты уæзæй. Йæ фарс рахæцыд депутат Н. Н. Энгвер, уымæн æмæ, дам, уый амоны бæстæйы культурон хъару сæттын, технологийы хъæд цæхгæр февзæрдæр кæнын.

Проекты фыццаг бакасты рæстæг куыд уыд, афтæ таныр дæр бирæ депутаттæ дзырдтой, фиддоны бæрц 55 проценты уа, уый ныхмæ. Дзырдæуыд, уый йæ бынаты кæй ныууадзæн центры командыгæнæг хицаудзинад, кæй фесафдзæн экономикæйы сæйраг цæг — куыстуаты хъæппæрис. Къорд депутаты тыхсын кæны уый, æмæ Закъоны проект арæзт нæу адæмы гонтиниздзинад хъахъхъæныиæн хуыздæр æууæлтæ саразынмæ, фаг аудындзинад дзы нæй хъæууон фæллойгæнджыты, лыстæг куыстуæтты коллективты пайдатыл.

Сæ критикон фиппаинæгтæ пуæй-иу ныхасгæнджытæ райдыдтой «æппæт цивилизацигонд дуне» кæнæ «æппæт сырæзгæ бæстæтæм» амонгæйæ... Кæй зæгъын æй хъæуы, фиддоны фæсарæйнаг практикæйы хуыздæр хуызтæ фæзмгæ сты. Фæлæ, хъыгагæн, уый мах экономикон, хæдзарадон æцæгдзинæдты æмбойны акæнæн нæй, дзырдтой иннæтæ.

Сессийы загъдæуыд, паддзахады æнæмæнг кæй хъæуынц ыныгæ централизацигонд фæрæзтæ егъау социалон программæтæ сæххæст кæнынæн, æмткæй райсгæйæ, бæстæйы царды уавæр æвзæрдæр кæм у, уыцы регионты, экологон фыдбылызты зонæты уæлæмхасæн хæрдзтæ бакæнынæн. Бирæ ныхасгæнджытæ хастой Закъоны проект æнæхъæнæй фæстаг бакасты фæстæ сфидар кæныны фæндон.

Ныхас цæуы дарддæр.

(СЦТА).

ЗÆХКУСДЖЫТЫ ÆППÆТЦÆДИСОН СЪЕЗД

Ацы аз июны Мæскуыйы уыдзæн зæхкусджыты æппæтцæдисон съезд. Ахæм уынаффæ рахаста, ССР Цæдисы адæмон депутаты æртыккагæм съезды мартъийы аграрникты депутатон къорд кæй сарæзта, уыцы оргкомитет 18 апрелы.

Æмбырды каст æрцыд, съезд кæй сараздзæн, фидæны уыцы организацийы Уставы проекты фæдыл фæндагтæм.

Организацийы уагæвæрд, йæ уæнгты бартæ, æндæр хъуыддæгтæ чи бацамондзæн, уыцы Уставы проект парахат ныхасы тыххæй æрцæудзæн мыхуыргонд.

(СЦТА).

ÆРЫГОН ФÆЛТÆРМÆ

Уагъд æрцыд брошюрæ «Рацарæзты фæндагыл хъæуы иумæ цæуын» — М. С. Горбачевы раныхас ФÆЛКЦ-йы XXI съезды делегатты размæ æмæ, 1990 азы 10 апрелы съезды делегаттимæ фембæлды сæ фарстатæн йæ дзуапптæ.

Брошюрæ рауагъта рауагъдад «Политикон литературæ» æмæ йæ ныммыхуыр кодтой типографи «Сырх пролетарий»-йы. (СЦТА).

22 АПРЕЛЫ — ДЫККАГ ХАТТЫ ÆВЗÆРСТЫТЫ БОН

РÆСТДЗИНАДЫЛ ТОХГÆНДЖЫТÆ

Абон нæ бæстæйы ныл политикон, экономикон æмæ социалон иддзинæдтæ цæуы, уыдонмæ адæм дарыиц алыхуызон цæстæнгас. Æмæ уый уæвгæ хъуамæ афтæ уа. Уымæн æмæ æнæ уый нæй царды рæстдзинадæн райгуырæн. Ныра рацарæзты æнтыстдзинæдтæ къуылымпыгонд цæуынц, абоны онг ма фидар чи у, уыцы бюрократон, командон-административон аппараты аххосæй. Ныры уавæр, дуг æмæ рæстæг домыиц нудадзыг дæр тох кæныи, рацарæзты бюрократон тыхтæй бахизын, хорзæй нæм цы ис, уыдон бахъахъхъæныи. Æмæ уыил зæрдиагтæй чи кусы, адæмы бартæ иузæрдиоиæй чи хъахъхъæны, уыдоимæ сты æхсæнадон организаци «Адæмон цæдисы» советы уæнгтæ, юрист, СЦКП-йы уæиг Габачиты Джабраил æмæ агроном — экономист, партийы уæиг Зобойты Ростислав. Сæ удыхъеды рæсугъд миниуджытæ, сæ сыгъдæгтæрдæдзимад иралæй сбæрæг кæнын кæй хъæуы, уый тыххæй сæ фæлладуадзæн бынæттæ, Терчы былгæрæттæ.

Нæ горæты фæллойгæнджыты риссагдæр æмæ фыццаградон фарстатæи сæ сæйрагдæр у медицинон лæггæдтæ фæхуыздæр кæныи. Абоны онг нæ горæты рыичыиадæтты нæй нырыккон дзæбæхгæнæн кусгæрстæ, нæ фаг кæныиц хостæ, рыичыитæи фæхуыздæркæиинаг у сфæлдоиц кæныи хъæуы ног горæты æппæт фæлладуадзæн бынæттæ. Терчы былгæрæттæ.

Нæ горæты фæллойгæнджыты риссагдæр æмæ фыццаградон фарстатæи сæ сæйрагдæр у медицинон лæггæдтæ фæхуыздæр кæныи. Абоны онг нæ горæты рыичыиадæтты нæй нырыккон дзæбæхгæнæн кусгæрстæ, нæ фаг кæныиц хостæ, рыичыитæи фæхуыздæркæиинаг у сфæлдоиц кæныи хъæуы ног горæты æппæт фæлладуадзæн бынæттæ. Терчы былгæрæттæ.

ФÆЛКЦ-йы СЪЕЗД

Кæд ма цалдæр боны размæ дæр съезды уæгъд рæстæджыты æнæмæнджы къуырцдзæвæны кой чындæуыд, уæд йæ куысты æвдæм бон, тæккæ зæрдæдзæфдæртæ дæр ахæм къуыдытыл сæ кæух ауыгъой. Къаддæр хъуысы стыр ныхас, фылдæр — пайдайаг фæндæттæ, цардæгас хъуыдытæ.

Ахæм уавæр радта фыццаг бонты куыстмæ абаргæйæ, тынг цыбыр рæстæгмæ съезды дыууæ сæйраг документы сфидар кæныны фадат — Декларации æмæ ФÆЛКЦ-йы программон нысантæ, ФÆЛКЦ-йы Уставы проектыл бæстон æмæ лæмæгкæныи сæ хæс кæмæн у, уыцы паддзахадон органты æмæ æхсæнадон организацийы финансон-материалон фæрæзтæ æмæ организацион архайд бану кæныи.

ФÆЛКЦ йæхи нымайы социалистон равзæрсты организацийыл, фæсивæды демократон змæлды æмбар хайыл.

Съезд у ФÆЛКЦ-йы хæдбардзинады, СЦКП-имæ æмгом æмгуыстады, иннæ партитæ æмæ æхсæнадон организацитимæ æмбар æмæрхайды фарс, загъд ис Декларацийы.

Цæдисы ног мидисмæ гæсгæ хъуамæ уа ног организацион равæрд. Хъæдæхгæнæн куслигæрстæ, нæ фаг кæныиц хостæ, рыичыиадæтты фæсивæды форуммæ раивын, уый фæсивæдон организацийы аразы ФÆЛКЦ-йы организацион-политикон равæрды бындурыл. Æртыккагæй, ФÆЛКЦ-йæ СЦКП-йы фæсивæдон организаци радих кæныи.

ФÆЛКЦ-йы Уставы проектыл ныхас кæнгæйæ, фылдæр бынæтты рауад организацион равæрды æмæ, сæрибар фæскомцæдисон кусджыты кар пас хъуамæ уа, уыцы фарстаты фæдыл.

Съезды уыдис Е. К. Лигачев.

Уый дыккаг бон бынæтты ныхас рапарахат Уставы фæдыл. Делегаты хъуыды тæ уыдысты алыхуызон. Иу тон фæсивæды форуммæ раивын, уый фæсивæдон организацийы аразы ФÆЛКЦ-йы организацион-политикон равæрды бындурыл. Æртыккагæй, ФÆЛКЦ-йæ СЦКП-йы фæсивæдон организаци радих кæныи.

ФÆЛКЦ-йы Уставы проектыл ныхас кæнгæйæ, фылдæр бынæтты рауад организацион равæрды æмæ, сæрибар фæскомцæдисон кусджыты кар пас хъуамæ уа, уыцы фарстаты фæдыл.

Съезды уыдис Е. К. Лигачев.

Уый дыккаг бон бынæтты ныхас рапарахат Уставы фæдыл. Делегаты хъуыды тæ уыдысты алыхуызон. Иу

меровойы обкомы фыццаг секретарь Т. Новикова, тыхамæлттæй микрофонмæ балæгæрдгæйæ, фехъусын кодта, УСФСР-йы фæскомцæдисон организацитæй равзæрст 828 делегаты нымад кæй æрцыдысты ...æнæзакъоныл. Уæрæсейы фæс-

Цæгат Ирыстоны АССР-йы депутат Хетæгкаты С. В. Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советмæ æрнæсынмæ бахаста кандидатурæтæ Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министры Советы сæрдары хæдивæджыты æмæ Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министрты

СЦКП-йы XXVIII СЪЕЗДЫ АГЪОММÆ

ÆРГОМ НЫХАС

РЕСПУБЛИКÆЙЫ ГОМ ПАРТИОН ÆМБЫРД

КÆРÆДЗИ ДЗЫХÆЙ ИСТОЙ НЫХАС

XXVIII съездмæ СЦКП-йы ЦК-йы Платформæйы проектыл ныхас кæнгæйæ, æнæ зæгъгæ нæй ну хъуыддаджы тыххæй. Цалдæр азы размæ дæр ма-ну арæзтам æхгæд партион æмбырдтæ. Уым-ну ныхас цыд, куыстуаты рæзтыл коммунисттæ куыд архайынц, цы бавæрæн æм хæссынц, уый тыххæй. Райстам-ну партийы рæнхъытæм кандидатæй раззагдæр кусджытæ, Искуы ну хатт-ну сарæзтам гом æмбырдтæ дæр.

Мæнмæ гæсгæ уый рæстæг нæ уыд. Цæмæн хъуыд æмбæхсын партион организацийы хъуыддæгтæ куыстуаты коллективæй? Коммунисттæн дæр æмæ æнæпартионтæн дæр сæ хæс уыд, цæмæй куыстуаты хъуыддæгтæ хуыздæр цыдаиккой, цыппæрæм æххæст кодтаид.

Фæстаг азты нал аразæм æхгæд партион æмбырдтæ, уымæн æмæ никæмæй ницы сусæг кæнæм. Уымæ гæсгæ нæ партион æмбырдты архайын райдыдта бирæ адæм.

Донуадзæн — канализацийы хæдзарады куыстадон управленийы ис 42 коммунисты, æмæ нæ партион æмбырдмæ уыдонæй уæлдай æрбацыд ноджыдæр ма 19 æнæпартионы. Уыдоны дæр фæндыд сæ зæгъынæгтæ з е гъын СЦКП-йы ЦК-йы Платформæйы проекты тыххæй.

Управленийы хицау Ким Федоровы доклад бирæ нæ ахаста — æрмæст 15 минуты. Стæй уæд адæм фемæхстысты æмæ алчидæр дзырдта йæ хъуыдытæ, хæста фæндæттæ. Зæгъдзынæн дзы цыбырæй ну цалдæры тыххæй.

Пенсионсæг Александр Хахутов загъта: «Цæмæй райдиан партион организацитæ хуыздæр кусой, хъомысджындæр уой, уый тыххæй райкомы секретартæ, аппараты бæрнон кусджытæ хъуамæ партион хыгъды лæууой райдиан организациты. Зæгъæм, рудзынгæмбæрзæнтæ уафæн фабричы, фæлварæн-эксперименталон механикон заводы.

Зоя Суворова загъта, зæгъгæ, партион уæнгон фиддонтæн се 'мбис хъуамæ зайа райдиан организацийы, иннæ æмбис та лæвæрд цæуа уæлдæр организацимæ. Райдиан партион организацимæ йæхи æхца куы уа, уæд сæ хардз кæндзæн, йæхи куыд бафæнда, уымæ гæсгæ. Зæгъæм, ну-цасдæр дзы фиддзæн секретарæн, æххуыс кæндзæн, коммунистæй фæкæсынаг чи у, уыдонæн, хардз дзы кæндзæн цæстуынгæ агитацийы фæрæзтыл...

Виктор Шепетя 53 азы ис партийы рæнхъыты. Уымæ гæсгæ сагъæс кæны, бæстæйы ныртæккæ цы хъуыддæгтæ цæуы, уыдоныл. Хъуыды кæны революцийы бонтæ, фæскомцæдисонтæ, коммунисттæ знæгты ныхмæ куыд тох кодтой, сæ туг куыд калдтой, уыдæттæ. Æмæ, дам, мын зын вæййы, партийы тыххæй æнæхъола ныхæстæ куы фехъусын, уæд, Партийы архайды бирæ ис бафтауинаг фæзындтытæ. Разынд дзы гæртамхортæ, æрмæст йæхи гуылы бын чи 'ндзары, ахæмтæ. Уыдоны ныхмæ хъæуы тох кæнын, сæ хъуыддæгтæ сын хурмæ хæссын. Фæлæ афтæ зæгъæн нæй, æмæ æппæтæй дæр ахæмтæ сты. Фæстаг рæстæг партийы кад дæлæмæ тынг æрхауд æмæ уый, мæнмæ гæсгæ, у йæ сæргъы чи лæууы, уыдоны аххос.

Рацарæзт партийæ куы райдыдтаид, стæй та уæд иннæ къабæзты, уæд хуыздæр уыдаид. Фондз азы дæргъы хъусæм, нæ экономикæ лæмæгъæй-лæмæгъдæр кæй кæны, уый, дам, амæй размæйы хицæутты аххос у. Мидбынаты цопай, дам, кодтам. Æмæ ныр та бонæй-бон дæлдæр цæуæм. Мæнмæ гæсгæ, зæгъын хъæуы æргом, ныртæккæйы аххосæгтæ цæй мидæг сты æмæ сæ куыд ануварсгæнæн ис, уый тыххæй. Мæнмæ гæсгæ бирæ партитæ аразын нæ хъæуы, фæлæ йæ асыгъдæг кæнын хъæуы, йæ размæцыд ын чи хъыгдары, йæ кад кæй аххосæй дæлæмæ хауы, уыдонæй.

Афтæ дзырдтой сæ хъуыдытæ нæ коммунисттæ æмæ æнæпартионтæ. Кæд æмæ ну раздæр исчи ныхас баппæрста, «Æгъгъæд у, кæрон скæнæм ныхæстæн», зæгъгæ, уæд ацы æмбырды дыууæ сахаты дæргъы дзырдтой адæм сæ фæндæттæ, ныхас кæрæдзийы дзыхæй исгæйæ.

Партион æмбырды уынаффæйы ныффыстам: политикон æмæ экономикон аууыры скъолаты æрныхас кæнæм Платформæйы проектыл, цæмæй йемæ базонгæ уой куыстуаты æппæт кусджытæ дæр.

Борис БАБИЕВ,
рудзынгæмбæрзæнтæ уадзæн фабричы парторганизацийы секретарь.

г. Мæздæг.

ХЪÆУЫ БÆЛВЫРД НЫСАНТÆ

Æхсæнад спог кæныны æмæ демократизацийы фарстатæ афтид бынаты нæ фæзындысты. Партн сæ расидти. Æмæ ныртæккæ уый у, бæстæ цæхгæр фæзилæнæй, кризисон уавæрæй ракæнынмæ адæм æрбану кæныи йæ бон кæмæн у, нунæт ахæм хъару.

Партийы мидæг алыхуызон хъуыдытæ, хатгай ныхмæвæрд цæстæнгастæ куы 'взæры, уыцы рæстæг рох кæныи нæ хъæуы фидар партион æгъдау. Æнæ уымæй партийы уæвæн нæй фæтк æмæ æмбаладон ахастдзинæдтæн. Уымæ гæсгæ Платформæйы проекты партион Уставы ивддзинæдты тыххæй фарстатæ æвæрд кæй цæуы, уый нымайын афойнадыл æмæ хъæугайыл.

Уымæ Платформæйы проекты бæлвырдгæнæй сбæрæг кæныи хъæуы партийы ахастдзинад профцæдисон æмæ æндæр æхсæнадон организацитæм. Куыд профцæдисон кусæг, афтæ, æз дæн, йæ уавæр цæхгæр фæхуыздæр кæныи, соцналон — экономикон рæзты фарстатæ алыг кæныи, фæллойгæнджыты бартæ хъахъхъæныи йæ бон кæмæн у, ахæм тыхджын профцæдисты фарс.

Мах бирæ ныхас кæнæм æппæт къæпхæнты Советты ахадыидзинад фæфыдæр кæныныл. Фæлæ, цалынмæ адæмон хицаудзинады органтæ сæ территориты закъоны бындурыл экономикон хицаудзинад нæ райсой, уæдмæ лозунг «Æппæт хицаудзинад дæр — Советтæн» базайдзæн гæххæттыл. Уый хынцгæйæ, партийы хæс у хицаудзинад адæмон депутатты Советтæм радтынæн ахæм механизм сараэын, цæмæй, советон органты архайдмæ нæ ныхилгæйæ, æххæст кæна йæ хæстæ.

БИТЕТЫ С.,
СЦКП-йы уæнг.

ДЗУАПП ДÆТТЫНЦ «РÆСТДЗИНАД»-ы ФАРСТЫТÆН

ÆНÆПАРТИОНЫ ХЪУЫДЫТÆ

Республикæйы фæллойгæнджытæ дарддæр бындурон æмæ хъуыддаджы ныхас кæнынц партийы XXVIII съездмæ СЦКП-йы ЦК-йы Платформæйы проектыл.

Нæ газеты 15 мартъийы цы анкетæ мыхуыргонд æрцыд, уымæн нæм дзуаппытæ æрбарвыстой ног автортæ. Платформæйы проектмæ уыдон хæссынц алыхуызон фиппаинæгтæ, фæндæттæ, срастгæнинæгтæ. Абон та уæ базонгæ кæндзыстæм уыцы дзуаппытимæ.

Анкетæйы æппæт фарстытæн цыбыр, фæлæ арфхъуыдыджын дзуаппытæ æрбарвыста Æрыдоны хорисæн куыстуаты кусæг Куыдзойты Ханджери.

Фыццаг дыууæ фарстæн дзуапп дæттæйæ, Ханджери фыссы, зæгъгæ, СЦКП-йы Платформæйы проекты алцыдæр цæуы йæ зæрдæмæ, йе 'ппæт хæйттæ дæр сты тынг ахсджиаг. Кæд та Платформæйы уагæвæрдтæ гæххæттыл фыстæй нæ базайой æмæ парти æмæ хицаудæн сæ бон бауа уыдон царды рауадзын, кæд ныхæстæй хъуыддагмæ рацæуын бафæразæм, уæд, дам, уый уыдзæн æцæг адæймагуарзон социализммæ фæндагамонæг, историон ахадындзинады документ.

Куыдзойты Ханджери кæд æнæпартион у, уæддæр йæ хæсыл нымайы партийы уынаффæтæ æнæзæрдæхудт фæллойæ æххæст кæныи. Республикæйы фæллойгæнджытæ дарддæр бындурон æмæ хъуыддаджы ныхас кæнынц партийы XXVIII съездмæ СЦКП-йы ЦК-йы Платформæйы проектыл.

Нæ газеты 15 мартъийы цы анкетæ мыхуыргонд æрцыд, уымæн нæм дзуаппытæ æрбарвыстой ног автортæ. Платформæйы проектмæ уыдон хæссынц алыхуызон фиппаинæгтæ, фæндæттæ, срастгæнинæгтæ. Абон та уæ базонгæ кæндзыстæм уыцы дзуаппытимæ.

Анкетæйы æппæт фарстытæн цыбыр, фæлæ арфхъуыдыджын дзуаппытæ æрбарвыста Æрыдоны хорисæн куыстуаты кусæг Куыдзойты Ханджери.

Фыццаг дыууæ фарстæн дзуапп дæттæйæ, Ханджери фыссы, зæгъгæ, СЦКП-йы Платформæйы проекты алцыдæр цæуы йæ зæрдæмæ, йе 'ппæт хæйттæ дæр сты тынг ахсджиаг. Кæд та Платформæйы уагæвæрдтæ гæххæттыл фыстæй нæ базайой æмæ парти æмæ хицаудæн сæ бон бауа уыдон царды рауадзын, кæд ныхæстæй хъуыддагмæ рацæуын бафæразæм, уæд, дам, уый уыдзæн æцæг адæймагуарзон социализммæ фæндагамонæг, историон ахадындзинады документ.

Куыдзойты Ханджери кæд æнæпартион у, уæддæр йæ хæсыл нымайы партийы уынаффæтæ æнæзæрдæхудт фæллойæ æххæст кæныи. Ханджери нымайы, зæгъгæ, Платформæйы проекты алцыдæр нал фаг кæны. Ахсджиаг у хицауад, аххосджын у стæм нæхæдæг. Ну бон ну капекк дæр хæлæттаггонд не 'рцыд, ну капекк дæр нæ радавдæуыд, зæгъгæ, уæд цас фæхъæздыгдæр уанд нæ бæстæ!

Ханджери хорзыл нымайы, нæ бæстæйы бирæпартион системæ кæй æвзæры, уый. Се 'хсæн цæудзæн адæмы цæсты кадыл тох. Партийы æмæ нæ историйы ивгъуыд рæстæгмæ абон цы цæстæнгас нс, уым йæ зæрдæмæ нæ цæуы, дзыллон информацийы фæрæзтæ ивгъуыд рæстæгыл æгæр цъыфкалæн кæй кæныиц, уый. «Парти йæхицæн ивгъуыд рæстæджы цы кад скодта, уый рохгæнгæ нæу. Ивгъуыд рæстæджы цы рæдыдтытæ уыд, уыдоныл кæдмæ ныхас кæндзыстæм? Нæ абоны кой куы кæныккам, уæд хуыздæр уаид».

Партион органты куысты рацарæзт хъуамæ æнцой кæна кусæг адæмы хъуыдыйыл, кусæг адæмы зондахастыл. Фæллойгæнæг адæм рацарæзты фарс сты. Рухс сомбоныл сæ уд хъарыиц. Æмæ сын СЦКП-йы ЦК-йы Платформæйы проект ныфсы бындур у. Фæлæ партийы рацарæзт араэгæ у алы коммунисты архайдæй дæр. Уымæ гæсгæ нырыккон партион кусæг, цæмæй йæ бон уа адæмы барды домæнтæ æххæст кæныиц кризисы уавæрæй рацæуыны нуиæг фæрæзыл нымайы «кусын, кусын, æмæ кусын. Ныхæстæ — къаддæр, хъуыддаг — фылдæр».

Æвзарæн систематæйы цы ногдзинæдтæ фæзынд, уыдонæй разы у, фæлæ ма дзы нс хъуагдзинæдтæ. Уæлдæр хицауадон органтæм ныры равзæрст депутаттæй чысыл нс кусæг адæм, сæ фылдæр сты разамонджытæ. Уый уымæн афтæ рауад, æмæ бынæтты раздæраy хæлд цыдис æвзæрстыты тыххæй Закъоп. Кæд округ хицæн у, уæд хъуамæ йæ æвзарджытæ, æндæр ран чи цæры, ахæм адæймаджы ма 'взарой хицауадон органмæ.

Хицаудзинад — Советтæн. Ахæм у нæ сæйрагдæр лозунгтæй ну. Ханджери нымайы, зæгъгæ, Советтæ æппæт хицаудзинад райсынмæ бынтон цæттæ нæма сты. Фæлæ ахæм Советтæ нс.

Бæстæйы цы тæссаг уавæр сæвзæрд, фыдракæндтæ фылдæр кæй кæныиц, фыдгæнджытæ закъон кæй нæ цæрынц, уымæн цы бакæныи хъæуы, зæгъгæ, уыцы фарстæн дзуапп дæттагæйæ. Ханджери фыссы: «Куыд тагъддæр, афтæ хуыздæр сараэын хъæуы тынг карз закъон. Агитацийæ ницы рауайдзæнис».

Махмæ гæсгæ, Куыдзойты Ханджерийы хуызæн

Мæ зæрдæ дарын

Мæныл æстай азæй уæлæмæ цæуы. Каст фæдæн Цæгат Ирыстоны педагогон техникум. Бирæ азты дæргъы бакуыстон кæвстæр кълæсты ахуыргæнæгæй, куыстон нæ хъæуы колхозы дæр. Ныр дæр ма алы фæззæг æххуыс фекæныи нæ совхозæн нартхор сыгъдæг кæнгæйæ. Дæн пенсионсæг.

Газет «Рæстдзинад» 15 мартъийы цы фарстытæ ныммыхуыр кодта, уыдон бакастæн цымыдисæй æмæ мæ фæнды уыдонæн дзуапп радтын.

СЦКП-йы ЦК-йы Платформæйы проект партийы XXVIII съездмæ нымайын растыл. Йе 'ппæт хæйттæ дæр сты ахсджиаг. Разы дæн семæ, фæлæ дзы мæ зæрдæмæ тынгдæр фæцыд, дыккаг хайы адæмы цард аккаг бынаты сæвæрыны тыххæй цы уагæвæрдтæ ис, уыдон.

Сагъæсы мæ æфтауынц нациты 'хсæн ахастдзинæдтæ. Цæмæй адæмыхæттытæ кæрæдзимæ хæрамдзæстæй ма кæсой, уый тыххæй сбæрæг кæныи хъæуы быцæвдзинæдты ахсæгтæ, чи сæ у раст, чи — зылын. Зæрдæмæхъæргæ ныхасæй сæ æрсæттын, бафидауын кæныи хъæуы. Кæд сæ, мыйæгъ исчи ардæуы; уæд ахæмты та рæбæрæг кæныи æмæ карз бафхæрын.

Раст зæгъын хъæуы, партийæн раздæр цы кад уыдис, уый нын нал нс. Йæ рæнхъытæм ныта, кæй хъуыд æмæ кæм нæ хъуыд, ахæмты — гæртамисджыты, паддзахады нсбон дæвджыты; куыд партион, афтæ мыл æууæнк уа, зæгъгæ, уый тыххæй партимæ цæуæг æдзæсгæмттæ. Партийæн йæ кад адæмы цæсты фæстæмæ йæ бынаты цæмæй сбада, уый тыххæй нс нунæг мадзал: кæй кой ракодтон, æцæг коммунисты цæссгом чи чъизи кæны, уыдоней йæ асыгъдæг кæныи. Зæрдыл æрлæууын кæнæм В. И. Ленины ныхæстæ: «Къаддæр уæд, фæлæ хуыздæр». Уыимæ алы коммунистмæ дæр хъуамæ уа В. И. Ленины амынд миниуджытæ. Сæ сæйрагдæр — алы хъуыддаджы дæр адæмæн фæзминаг уæвын.

Бирæпартион системæйы тыххæй цы загъдæуа? Иутæ хъуыды кæныиц, зæгъгæ, ахæм системæйы партиты 'хсæн цæуддæн ерыс. Фæлæ уый тæссаг у. Мæнмæ гæсгæ, нæ парти йæ рæнхъытæ куы 'рфидар кæнид, уæд сæ хардзæй кæнæм. Ахæм æгъдæуттæ нæ партийы æвзонг æмæ æгас æрмæг æрцыдаиккой. Ахæм æгъдæуттæ нæ партийы æвзонг æмæ æгас æрмæг æрцыдаиккой.

ОЗАТЭ-йы инструментон цехы коммунисттæ ацы бонты зæрдиаг ныхас кæныиц СЦКП-йы ЦК-йы Платформæйы æмæ СЦКП-йы Уставы ног проекттыл.

КЪАМЫ: мастер Михаил ШУВЕНКОВ, инженер-электрик Сергей ИВАНОВ, слесарытæ ГАППУАТЫ Барис æмæ ХЪАЛÆГАТЫ Леонид. Платформæйы проекттыл ныхас кæнгæйæ.

Къам систа Къæбысты Х.

СЦКП-йы ЦК-йы Платформæйы проект партийы XXVIII съездмæ нымайын растыл. Йе 'ппæт хæйттæ дæр сты ахсджиаг. Разы дæн семæ, фæлæ дзы мæ зæрдæмæ тынгдæр фæцыд, дыккаг хайы адæмы цард аккаг бынаты сæвæрыны тыххæй цы уагæвæрдтæ ис, уыдон.

Сагъæсы мæ æфтауынц нациты 'хсæн ахастдзинæдтæ. Цæмæй адæмыхæттытæ кæрæдзимæ хæрамдзæстæй ма кæсой, уый тыххæй сбæрæг кæнын хъæуы быцæудзинæдты ахсой, уый тыххæй сбæрæг кæнын хъæуы быцæудзинæдты ахсой, чи сæ у раст, чи — зылын. Зæрдæмæхъæрæн ныхасосæгтæ, чи сæ у раст, чи — зылын. Зæрдæмæхъæрæн ныхасосæгтæ, чи сæ у раст, чи — зылын. Зæрдæмæхъæрæн ныхасосæгтæ, чи сæ у раст, чи — зылын. Кæд сæ, мыйсæй сæ æрсæттын, бафидаун кæнын хъæуы

ИРЫСТОНЫ ХЪÆБАТЫР ФЫРТТÆ

АБАЙТЫ
Æхсарбег

Абайты Мæхæмæты фырт Æхсарбег райгуырд Дигорайы, 1923 азы 12 декабры. 1942 азы августы йæм фæсидтысты Советон Æфсадмæ. Йæ фыццаг хæст уыдис нæхимæ, горæт Орджоникидзе хъахъхъæнгæйæ. 1943 азы дыккæгæм гвардион фистæг æфсæддон дивизийы рæнхъыты архайдта Цæгат Ирыстон, Кубань, Таманы æрдæгсакъадах ссæрибар кæныны хæстытыл. Ссис отделенийы командир. 1943 азы 2 ноябры, десанты уæвгæйæ, фыццæгтимæ рахызт Керчы æрдæгсакъадахмæ. Дыууæ бонмæ Абайы-фырт ныццагъта 92 фашисты, уыдонæй фараст лæгæй-лæгмæ хæсты. Уыцы сгуыхтдзинады тыххæй Æхсарбегæн 1944 азы 16 майы лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

Абайы-фырт дарддæр тох кодта Украинæйы, Польшæйы. Бæхæццæ Берлинмæ.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæстæ гвардийы хистæр сержант æрыздæхт Ирыстонмæ, Куыста Дигорайы алы хæдзарадон куыстыты.

Партимæ бацыд 1979 азы, Архайдта фæсивæды патриотон хъомылады.

Йæ хæстон сгуыхтдзинæдты тыххæй йын саккаг кодтой Ленины, Фыдыбæстæйы хæсты фыццаг къæпхæны ордентæ, майдантæ.

Абайты Æхсарбег амард 1982 азы 13 майы. Йæ номыл ис уынг Дигорайы.

БИЦАТЫ
Сергей

Советон Цæдисы Хъæбатыр Бицаты Владимиры фырт Сергей райгуырд 1922 азы 15 майы Дигорайы. Ахуыр кодта астæуккаг скъолайы, стæй Дигорайы хъæууонхæдзарадон техникумы. 1939 азы бацыд Орджоникидзейы аэроклубмæ. 1941 азы йæ арвыстой Краснодары хæстон авиацион скъоламæ. Æнтыстджынæй йæ каст фæцис 1943 азы.

Немыцаг хæдтæхджытимæ фыццаг хæсты бацыд уыцы аз, июлы. Ленинграды фронты. Авиацион звенойы командир уæвгæйæ, хæцыд Волховы, Прибалтикæйы æмæ Белоруссийы фронтты. Хæсты азты Бицайы-фырт акодта 263 тахты æмæ уæлдæфон хæстыты йæхæдæг æрæппæрста знаджы 16 хæдтæхæджы. 1945 азы 13 августы йын Советон хицауад саккаг кодта Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæстæ Сергей дарддæр службæ кодта авиацийы. Йæ хъомылгæнинæгтæй бирæтæ систы зындгонд тæхджытæ. Уыдон ныр дæр ма æрымысынц сæ курдиатджын, хъæбатыр командиры.

1960 азы йæ æнæниздзинады уавæрмæ гæсгæ рацыд отставкæйы. Амард 1962 азы горæт Орджоникидзейы.

Йæ хæстон сгуыхтдзинæдты тыххæй йын радтой Ленины орден, Сырх Тырысайы дыууæ ордены. Фыдыбæстæйы хæсты фыццаг æмæ дыккаг къæпхæны ордентæ, бирæ майдантæ.

Дигорайы ис Бицаты Сергейы номыл уынг.

Александр
БОНДАРЬ

Кировы районы Змейкæйы станицæйы хъазахъхъаг зæхкусæджы хæдзары 1922 азы 2 сентябры райгуырд Советон Цæдисы Хъæбатыр Александр Алексейы фырт Бондарь. Скъола каст фæуыны фæстæ, 1939 азы бацыд Орджоникидзейы аэроклубмæ. 1941 азы ссис Краснодары хæстон авиацион скъолайы курсант. 1942 азы йæ каст фæцис, æмæ æрвыст æрцыд хæцæг æфсадмæ. Архайдта фашистон æфсæдтимæ тохы Хуссар-Ныгуылæн æмæ 3-аг Украинаг фронтты, хъахъхъæдта Сталинграды, Украинæйы, Молдавийы арв. 1944 азы декабрмæ атахт 252 хатты. Йæхæдæг æрæппæрста знаджы 15 хæдтæхæджы, ныддæрæн кодта 32 автомашинæйы. Йе сгуыхтдзинæдты тыххæй 1944 азы 19 августы капитан Бондарæн радтой Советон Цæдисы Хъæбатыры ном. Уыцы аз бацыд партийы рæнхъытæм.

Хæсты фæстæ дарддæр службæ кодта авиацион хæйттæ. 1958 азы, йæ æнæниздзинад кæй фæцудыдта, уымæ гæсгæ рацыд запасмæ æмæ æрпард г. Армавиры. Бирæ азты фæкуыста æфсæнвæндаджы транспорты.

Йе стыр сгуыхтдзинæдты тыххæй Бондарæн лæвæрд æрцыд Ленины, Сырх Тырысайы, Невскийы, Фыдыбæстæйы хæсты ордентæ, бирæ майдантæ.

Булкъон А. А. Бондарь разæнгардæй архайы фæсивæды æфсæддон-патриотон хъомылады.

Юрий
БУНИМОВИЧ

Советон Цæдисы Хъæбатыр Юрий Эммануилы фырт Бунимович райгуырд 1919 азы 13 мартъийы горæт Владикавказы æфсæнвæндаджы кусæджы хæдзары. Нæхи горæты каст фæци астæуккаг скъола, стæй Пятигорскы аэроклуб. 1938 азæй 1940 азмæ ахуыр кодта Ейскы хæстон-денджызон авиацион училищейы. Стæй йæ арвыстой Балтийы флоты авиацимæ.

Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд уыди бомбæппарæг хæдтæхæджы экипажы командир æмæ фыццаг бонтæй фæстæмæ бомбатæ згъæлдта, торпедатæ уагъта знаджы наутыл, йæ хæстон-денджызон фидæрттыл, йæ техникæ æмæ æфсæдтыл.

1942 азы хистæр лейтенант Бунимовичы снысан кодтой 1-æм гвардион авиацион полчъы командирæй. 1943 азы октябрмæ Юрий Бунимович акодта 98 тахты знаджы чъылдыммæ æмæ фæдæлдон кодта 6 транспортон, танкер æмæ дыууæ хъахъхъæнæг науы, аэродромты ныддæрæн кодта цалдæр æмæ уæлдæфон хæстыты æрæппæрста знаджы æртæ хæдтæхæджы.

1944 азы 14 январы, йæ хæстон хæс сæххæст кæныны фæстæ, аэродроммæ тæхгæйæ, фæмард авиацион фыдбылызы. 22 январы йын радтой Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

Йæ хæстон сгуыхтдзинæдты тыххæй йæ схорзæхджын кодтой Ленины, Сырх тырысайы æртæ орденæй, майдантæй. Хъæбатыры номыл уынг ис Пятигорскы.

БУТАТЫ
Георги

1910 азы 25 декабры Хъæрæсейы-Черкессты автономон облæсты Хетæгкаты Къостайы хъæуы (Лабæйы) зæхкусæджы хæдзары райгуырд Бутаты Данелы фырт Георги. Саби ма уыд, афтæмæй амард йæ фыд. Схъомыл зын царды уавæрты. Раджы райдыдта кусын.

1937 азы фæсаууонмæ каст фæцис Тбилисы педагогон училище, æмæ сæхимæ куыста ахуыргæнæгæй.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фыццаг бонты ацыд фронтмæ. Хæцыд Воронежы фронты, архайдта Сталинградыл тохты. Уыцы рæстæг уыд ротæйы политрук. 1943 азы йæ снысан кодтой батальоны парторгæй. Архайдта Курскы хæстыты. Сентябры Днепры сæрты куы бахызтысты, уæд æрлæууыд батальоны сæргъы æмæ йæ цалдæр хатты акодта ныббырсты. Уыцы аз 4—5 октябры Киевы облæсты батальоны хæцæн бынæттæм фашисттæ æрбалæвæрдтой, бирæ фылдæр тыхтæ сæм уыдис, афтæмæй. Бацайдагъ карз хæст. Георги йæхæдæг амардта 10 фашисты. Фæлæ ацы хæсты фæмард. Хъæбатыр политикон кусæгæн 1943 азы 17 октябры радтой Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

Баныгæдтой йæ Киевы облæсты Чернобылы районы Паришевойы хъæуы. Йæ номыл уынгтæ ис Чернобылы, Черкессы.

НИЦЫ СÆ ХЪАУДЖЫДÆР ИС

Ацы хабæрттæ кæд Ног азы агъоммæ уыдысты, уæддæр мæ зæрдæйы нæ мынæг кæнынц. 31 декабры мæ сыхагимæ ацыдыстæм нæ горæты сæйраг базармæ. Куы фæцæйхæццæ кодтам, уæд адæмы хъæлдзæг уынæр банкъардтам. Уалынмæ бахæццæ стæм, æмæ нæ зæрдæтæ ныррухс сты диссӓджы хъæздыг базарæй. Адæм рæвдз æлхæдтой, кæй цы хъуыд, уыцы продуктæ, халсартæ, дыргътæ. Алчи дæр тырныдта Ногбоны стъолмæ рæсугъддæр æмæ хæрзаддæр дыргътæ балхæнынмæ.

Раст зæгъгæйæ, алцы дæр зынаргъдæр вæййы алы бæрæггбоны размæ. Ныр дæр — афтæ. Фæлæ Ног аз афæдз ну хатт йедтæмæ нæ вæййы, æмæ ничи ауæрста йе 'хцатыл, кæмæн куыд æнтыст, афтæ сæ сумкæтæ дзаг кодтой. Кæд уазал бон уыди, уæддæр æй ничи æнкъардта Ногбоны цинæй. Зонгæтæ кæрæдзиуыл æмбæлгæйæ, хъæлдзæгæй Ног азы арфæтæ кодтой. Зæрдæрайгæйæ тындзыдтой сæ хæдзæрттæм, цæмæй афоныл æрцæттæ кæной, æрцаразой дзаг стъолтæ. Ног азыл сæмбæлынмæ мах дæр балхæдтам, цы нæ хъуыд, уыдон; æмæ рараст стæм. Кæрты дуармæ куы фæцæйхæццæ кодтам, уæд кæсæм, æмæ адæм æрæмбырд сты, цæмæдæр æнхъæлмæ кастысты. Æз дæр ме 'мбалимæ балæвуыдтæн хæстæгдæр æмæ уынæм: æртæ бæзæрхыг лæппуйы сæ уæйгæнæн стъолтæм æркалдтой асыччытæй дзæбæх бур-бурид мандаринтæ. Адæм дæр æмæ мах дæр бацин кодтам. Æнхъæлмæ кæсæм, кæд нын зæгъдзысты сæ аргъ æмæ кæд райдайдзысты уæй кæнын.

Уалынмæ зæлланг хъæлæсæй райхъуыст: «Аст сомы иу килограммы аргъ». Адæмæн уыцы аргъ фехъусгæйæ, сæ цæсгæмттæ фæтар сты. Цалдæр минуты æнæдзургæйæ алæууыдысты, стæй æвиппайды ахæлиу сты хъуыр-хъуыргæнгæ, уый нын кооператив Ног азы лæвар кæны, зæгъгæ.

Махæн хъыг куыннæ уыдаид, тынгдæр та сывæллонджытæ æмæ ветерантæн, сæ бон ахæм аргъæй балхæнын кæмæн нæ уыд, уыдонæн. Ветерантæ æмæ сывæллонджытæ ацыдысты фæстæмæ фæкæс-фæкæсгæнгæ. Баззадис дзы иугæйттæ — æхцаджытæ æмæ æлхæдтой кæд æмæ дзы алы мандаринмæ дæр иу сом хаудта, уæддæр.

Ног азы фæстæ, 12 январы, Мæскуыйæ дзырдтой, зæгъгæ, кооперативтæ стыр пайда хæссынц, куыд кооператортæн, афтæ паддзахадæн дæр, æмæ сæ тагъддæр рапарахат хъæуы. Куыд бамбæрстон, афтæмæй кооперативты фарс сты уыдон, кæцытæ дзы исынц стыр пайда. Фæлæ чысыл мызд чи исы, кæнæ æрмæст пенсийæ чи цæры, уыдонæн сæ бон нæу кооперативты товартæ æмæ продукци æлхæнын. Уымæ гæсгæ сты сæ ныхмæ?

Уый цавæр кооператор у паддзахадæй дзидза æлхæн иу килограмм дыууæ сомæй, уæй та йæ кæны адæмæн бирæ зынаргъдæрæй. Нæ фыдæлтæй нын цы буц хæринаг баззад — физонæг, уый кæй зæрдæ нæ бацагурдзæн цъыссцъыссгæнгæ. Тынгдæр та ног æргæвст стуры дзидзайæ. Æрмæст йæ диссаджы тæф дæр сæвзæрын кæны стыр цыбæлдзинад. Æмæ уæм, зынаргъ газеткæсджытæ, куыд раст кæсы, кооператор паддзахадæй æлхæны сæдæ граммы абазийæ, уæй та йæ кæны физонæгæй дыууæ сомæй?! Уыдон цармстигъджытæ не сты? Ноджыдзæр ма ахæм цæвиттон: кооперативон дуканийы æппæт промтоварты 'хсæн афæдзыдзыд сывæллæтты туфлиты аргъ у 14—16 сомы. Кооператор цæуылнæ хъуыды кæны, кæй бон у ахæм стыр аргъæй æлхæнын ахæм чысыл туфлитæ? Æрмæстдæр æхцаджытæн. Гъе уымæ гæсгæ адæмы сæхимæ хæрам кæнынц кооперативтæ, æмæ сæ нымæ дæр уымæн дзурынц.

Раппæлинаг хъуыддаг у уый, æмæ иннæ астимæ абаргæйæ, нæ дзулы продуктæ сты бирæ алыхуызондæр æмæ хæрзхъæддæр. Дзулы заводтæ нæ республикæйы сæ куыст хорз рацарæзтой. Сæ продуктæ вæййынц рæсугъд, хæрзвых, хæрзæууæрст. Ивръуыд азты-иу дзулты хуылфы уыдис айчы йас æнæууæрст къуыбæрттæ. Фæлæ гæнæн нæ уыд, æмæ дзы æлхæдтам. Афтæмæй æмбырд кодтой дзул æмæ сæ-иу бедрагай калдтой бырæттæм. Быны тон раппæлинаг дзул та фыцынц кооперативтæ. Сæ дзул вæййы хæрзæууæрст, хæрзнæрст, хæрзвых. Фæлæ сæ зылын кæнæм уымæй, æмæ падзахадæй æлхæнынц ссад асламæй, уæй та йæ кæнынц бирæ зынаргъдæрæй. Уый адæмы зæрдæмæ нæ цæуы.

Адæм æнхъæлмæ кæсынц цард фæхъæздыгдæрмæ, базар фæасламдæрмæ. Фæлæ дзы ницы æнцойдзинад æнкъарынц. Тынгдæр ма тызмæг æмæ дæрзæг кæнынц кæрæдзимæ, адæммæ æвзæры æнæхатырдзинад. Æмæ куынæ тыхсой, кæд æмæ кооператортæ сæ продукци уæй кæнынц туджы аргъыл, ссивынц æхца, æмæ нæрсынц сæ дзыппытæ. Пенсионсджытæ æмæ чысыл мыздисджытæ та мæгуырæй-мæгуырдæр кæнынц. Æз афтæ хъуыды кæнын, кооператортæй æмæ сæудæдæрганджытæй ницы хъауджыдæр ис, уымæн æмæ сæ дыууæтæ дæр сæ товартæ уæй кæнынц æмхуызон зынаргъ.

Нæ ныхас у, цæмæй базары æргътæ фæасламдæр уой. Кæмæн æмбæлы, уыдон цæуылнæ кæсынц æргътæм? Цæуылнæ сæ агайы адæмы рис æмæ уавæр? Цы фæци нæ уарзондзинад, кæрæдзиуыл аудынæдзинад, кæд æмæ алы хъуыддаг дæр нæхицæй араздæр у, уæд. Фыдыбæстæйы хæсты рæстæджы æмæ уый фæстæ зын, æххормаг азты рæстæг дæр адæм æнгом, кæрæдзи уарзгæйæ цардысты, кæрæдзимæ схуыст, тызмæг æмæ зæрдæриссæн ныхас нæ кодтой. Хорз сыхæгтæ æнæ кæрæдзи сæ хæринаг нæ хордтой. Ныр та сыхæг сыхаджы хуызæн нал у. Тынгдæр горæты цæрджытæ. Иу фæзуаты æмæ уæлдæфджы чи цæры, уыдон кæрæдзимæ цæугæ нæ, фæлæ зонгæдæр нæ кæнынц. Сæхиуыл æртыгай гуыдыртæй дуарттæ сæвгæнынц, цæмæй сæм мæчи цæуа.

Æз сидын газеткæсджытæм, ирон адæймаг рагæй æрæгмæ дæр номдзыд уыд йе 'гъдау. æмæ хъаруйæ. Уымæ гæсгæ нын æмбæлы кæрæдзи æмбарын. Æрымысæм ма нæ диссӓджы рагфыдæлты зондджын æгъдæуттæ æмæ миниуджытæ: хистæртæн кад кæнын, хиуылхæцындзинад, кæрæдзийы рис æмбарын, кæрæдзийæн аргъ кæнын, сыхаг адæмыхæттытимæ хæлар æмæ уарзонæй цæрын. Уыдæттæ иууылдæр нæхицæй араздæр сты.

БАТИАТЫ Женя,
æхсæнадон уацхæссæг.

ÆЦЫДÆР АХÆСС ДУНЕЙЫЛ

СТЫР ТАС

Ливийы æмæ Чадмæ хицауад сæвæрдтой Африкæйы Сахарæйы Стыр Тасы æмæ

тон хъомылады.

Йæ хæстон сгуыхтдзинæдты тыххæй йын саккаг кодтой Ленины, Фыдыбæстæйы хæсты фыццаг къæпхæны ордентæ, майдантæ.

Абайты Æхсарбег амард 1982 азы 13 майы. Йæ номыл ис уынг Дигорайы горæт Орджоникидзейы.

Йæ хæстон сгуыхтдзинæдты тыххæй йын радтой Ленины орден, Сырх Тырысайы дыууæ ордены. Фыдыбæстæйы хæсты фыццаг æмæ дыккаг къæпхæны ордентæ, бирæ майдантæ.

Дигорайы ис Бицаты Сергейы номыл уынг.

Булкъон А. А. Бондарь разæнгардæй архайы фæсивæды æфсæддон-патриотон хъомылады.

тыххæй Бондарæн лæвæрд æрцыд Ленины, Сырх Тырысайы, Невскийы, Фыдыбæстæйы хæсты ордентæ, бирæ майдантæ.

Йæ хæстон сгуыхтдзинæдты тыххæй йæ схорзæхджын кодтой Ленины, Сырх Тырысайы æртæ орденæй, майдантæй. Хъæбатыры номыл уынг ис Пятигорскы.

Хъæбатыр политикон кусæгæн 1943 азы 17 октябры радтой Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

Йæ хæстон сгуыхтдзинæдты тыххæй йæ схорзæхджын кодтой Ленины, Сырх Тырысайы æртæ орденæй, майдантæй. Хъæбатыры номыл уынг ис Черкесскы.

Баныгæдтой йæ Киевы облæсты Чернобылы районы Паришевойы хъæуы. Йæ номыл уынгтæ ис Чернобыльы, Черкесскы.

ТЫХСТ УАВÆРТЫ

Фарон нæ пълантæ паддзахадæн æхсыр уæй кæнынæй къахырæй кæй баззадысты, уым сæйрагдæр холлæгтæ кæй нæ фаг кодта, уый аххос уыд. Фыццаджыдæр. ныр нæ холладжы культурты дзæвгар хай их æмæ тыхджын дымгæтæ тынг бахъыгдардтой. Уымæ гæсгæ, цалынмæ уæлæмхасæн мадзæлттæ арæзтам, уæдмæ æхсыры æрконд æрхаудта. Афтæмæй нæ фермæ паддзахадæй фæхæсджын 50 тоннæйы æхсыр. Холлæгтæ кæй нæ фаг кодта, уый аххосæй фылдæр рауад продукцийы хиаргъ дæр. Уымæн æмæ цъæх холлæгтæ дыууæ мæймæ æлхæнгæ кодтам. Æмæ нæм æхсыры центнеры хиаргъ рауад 50 сомы. Уый пълантæй у 12 сомы фылдæр.

Фарон нæ механизатортæ хорз бакуыстой холлæгтæ цæттæ кæныныл. Хæрзхъæд рауад нæ силос. Нæртхоримæ æмхæццæ уыдысты æхсынæн, соя æмæ цъылинаг. Уæдæ хос æмæ фæлвых хосæй дæр ницæмæй хъаст кæнæм. Бирæ йын æрцæттæ кодтой холладжы цæхæра æмæ кæрдæджы ссад. Алы стуры хыгъдмæ дæр нæм холладжы нуæгтæ уыдис 26,5 центнеры. Махмæ сæрдæй-зымæгæй йæ кусынæй никуы банцайы цех. Цæттæ дзы кæнæм хъарм æнтыд, æфтауæм æм патокæ æмæ æмхæццæ холлæгтæ. Уымæ гæсгæ зымæджы мæйты дæр æхсыры æрконд нæ къаддæр кæны. Фыццаг кварталы нæ паддзахадæн æхсыр ауæй кæнын хъуыд 136 тоннæйы. Уæй та акодтам 140 тоннæйы. Фарон ацафонимæ абаргæйæ ныр æрвылбон цæттæгæнæн пунктмæ æхсыр арвитæм 800—900 килограммы фылдæр. Уынмæ паддзахадæн цы æхсыр уæй кæнæм, уый нууылдæр нæт цæуы фыццаг сортмæ. Уый тыххæй алы тоннæйæн дæр уæлæмхасæн æхца нæм 30 сомы.

Нæ коллектив у фæллойуарзаг нæй нæм, куыстадон æгъдау чи халы, афæмгæ. Иу афон бавналæм фосмæ зилынмæ. Алчидæр дзы æххæст кæны зооветеринарон амыддзинæдтæ. Уый нæ куысты бæрæггæнæнтыл хорзырдæм зыны. Джабиты Ивлетæ, Кокойты Зæнрæ æмæ иннæтæ январы хъугæй æхсыр æрдыгътой 345 килограммы. Уый хорз бæрæггæнæн у зымæгон. Ныртæккæ дæр уыдонæй фылдæр ничи дуцы æхсыр. Æнæзивæрæй сæхи æвдисынц родгæстæ дæр. Джергаты Венерæ, Багаты Махар, Хуыгаты Резо æмæ Коцойты Риммæмæ нс 260 роды. Зилынц сæм бригадон подрядмæ гæсгæ. Дыгай мæйдзыдтæй сæ райсынц æмæ сæм фæзилынц, цалынмæ сыл афæдзтæ сæххæст вæййы, уæдмæ. Знантæ сыл нæ цæуы, сӳткæмæ алы роды уæзыл дæр бафты 550—600 граммы. Сыл родтыл ноджы фылдæр бафты.

Ныртæккæ алы хъугдуцæгмæ дæр нс 25 хъуджы. Уымæй уæлдай алкæмæдæр сфидар кодтам цыппар дыгæрдыджы. Фæзилынц сæм, цалынмæ ныззайынц, уæдмæ. стæй, сæ раттынц æндæр къордмæ. Хорз æвæрд нæм у селекцион куыст дæр. Дуцгæ хъуццытæй чысыл æхсыр чи фæкæны, кæнæ фæсахъат, науæд базæронд, уæд æй раивæм дыгæрдыгæй, йæхи та йын раттæм дзидзайы комбинатмæ. Ныртæккæ нæм ахæм хæрзмыггаг дыгæрдгуытæ нс 50. Зылд сæм цæуы иннæтæй хуыздæр æмæ сæ уæзыл бирæ бафтыд. Æртæ мæймæ нæ пълантмæ гæсгæ райсын хъуыд 25 роды, исгæ та ракодтам 40 роды. Фермæйы куыстыл хорз ахады механизатортæ Дзыныхты Григол æмæ Кисишвили Владимиры æнæзæрдæхудт фæллой. Афоныл ласынц холлæгтæ, уæдæ скъæтты фаджыс дæр — афтæ.

Мæ ныхасы кæрон зæгъдзынæн, цы хъуагдзинæдтæ нæм нс, уыдоны тыххæй дæр. Фыццаджыдæр, мах нæ фосæн æнтыд æндæр фермæйæ фæласæм. Дæрд у æмæ цалынмæ махмæ фæхæццæ кæны, уæдмæ ныууазал вæййы. Нæхи фермæйы куы уанд ахæм цех, уæд нæ хъуыддæгтæ ноджы хуыздæр цæуыккой, ууыл нæм рагæй цæуы ныхас, фæлæ йæ саразыныл ничи кусы. Арæх бакъуылымпы вæййæм, электрон рухс кæй ахуыссы, уый тыххæй. Афтæ рауад 13 февралы дæр. Телтæ бæзæронды, згæ сæ бахордта æмæ электрон дуцæн аппаратæ нæ куыстой. Уымæ гæстæ нæ фосы бахъуыд къухæй дуцын. Инженерон службæйы кусджытæн ма бæрæг лæгъстæ кодтон, цæмæй-нын истæмæй баххуыс кодтаккой, фæлæ нæ бакоммæ кастысты. Ахæм цаутæ нæм арæх вæййы. Уæвгæ та фермæйы агъуыстытæ зымæгмæ куы цалцæг кодтой, уæдсын уыд равнæн телтæн дæр. Уый дæр æхсыры æрконды æвзæрыгдæм, æцæгмæнг, фæзыны.

Ныхас æрмæст фосыл нæ цæуы. Æнтыстдзинæдтæ аразæг фермæйы кусджытæ сты. Уыдоныл та нудзыгдæр аудын хъæуы. Раст зæгъын хъæуы, колхозы правлени æмæ парткомæй ницы хъаст кæнæм. Хойраджы продуктгæй нæ цух ничкуы ныууадзынц. Фæлæ ну хъуыддагæй тыхсæм. Ног азæй рацыд æртæ мæйы. Уыцы рæстæгмæ нæм нунæг хатт дæр нæма уыдысты райфæлхасцæдисы кусджытæ. Фосдарджыты та чысыл ницæйы тыххæй дæр товартæ балхæнынмæ цæуын бахъæуы районы центрмæ кæнæ горæтмæ. Куыстæй та сæ уый бæрц не 'вдæлы. Райфæлхасцæдисы сæрдар Хуыбаты Валл, æвæццæгæн, нæ бæрæг кæны цæугæ дукæниты куыст, æндæр ахæм уавæр нæ сæвзæрдаид.

Фæлæ уæддæр нæ фермæйы коллектив тыхстдзинæдтæ ницæмæ даргæйæ архайы, цæмæй нæ пълантæ ацы аз уæлдайджытæй æххæстгонд æрцæуой. Уыдон та чысыл не сты. Ацы аз нæ паддзахадæн æхсыр ауæй кæнын хъæуы 780 тоннæйы. Уынмæ дыккаг кварталы 190 тоннæйы.

УАРЗИАТЫ Хъ.
Горæтгæрон районы Ленины номыл колхозы фермæйы хицау.

ÆВÆСТИАТ МАДЗÆЛТТÆ

ВАШИНГТОН. АИШ-ы президент Дж. Буш ам арвыста дыууæ боны конференци алфамблай æрдзы æппæтон ивддзинæдтимæ баст наукон æмæ экономикон рaиртæстыты фæдыл дыууæбонон конференцы.

Конференцийы архайджытæ се 'ргом уæлдай тынгдæр аздæхтой зæххы климæтыл адæймаджы ахадындзинадмæ. Æмбырды чи уыд, уыцы ахуыргæндтæй бирæтæ нымайынц афтæ, æмæ æвæстиат мадзæлттæ арæзт куы не 'рцæуа, уæд суанг цалдæр дæс азы фæстæ афтæ æвзæрдæр кæныч райдайдзæн, æмæ йын схорзы хос нал разындзæн.

СТЫР ТАС

ЛОНДОН. (СЦТА). «Уавæр Никарагуайы у, куыд никуы уыд, афтæ вазыгджын. Ныртæккæ сæвзæрд бæстæйы историйы тæккæ тæссагдæр рæстæджытæй ну, — загъта телекомпани Ай-ти-эн-æн Лондонмæ æрбацæуæг Никарагуайы фæсарæйнаг хъуыддæгты министр Мигель Д' Эското.

Ныртæккæйы хицауады æрды ис йе 'ппæт хæслæвæрдтæ дæр сæххæст кæнын æмæ 25 апрелы йæ бартæ Виолеттæ Чаморройы кабинетæн раттын йæ æрды ис, уый бацамонгæйæ, министр загъта: «Уый у æндæр партийæн хицаудзинад сабырæй раттыны фыццаг цау. Фæлæ ис мидхæсты æцæгтæссаг уавæр, «контрастæ» дунеон æхсæнадмæ куы нæ байхъусой æмæ сæ хæцæнгарз куы нæ радтой, уæд. Ахæм мидхæсты рæстæг та уæвæн ис АИШ-ы комкоммæйы гæрзифтонг балæвурдæн дæр».

ÆФСАД — КЪАДДÆР

ВАШИНГТОН, 18 апрель. (СЦТА). «Иугонд Штатты æмæ Советон Цæдисы 'хсæн æппæтон хæсты тасдзинад ныртæккæ у, дыккаг дунеон хæсты райдайæнмæ куыд уыдис, уымæй тæккæ къаддæр», — загъта АИШ-ы хъахъхъæнынады министр Ричард Чейни «Дунейы мидæг ныртæккæ цы уавæр сæвзæрд, — загъта министр, — уый нын дæтты Гæрзифтонг тыхтæ къаддæр кæныны фадат, æппæт дунейы мидæг хæстон фарстаты АИШ сæхимæ цы хæслæвæрдтæ райстой, уыдон æххæст кæнгæйæ.

Пентагоны сæргълæууæг загъта, америкаг администрацийы зæрды кæй ис, «дунейы ног æцæгдзинæдтæ хынцгæйæ», америкаг гæрзифтонг тыхтæ фæкъаддæр кæнын. «Бынтон бæлвырд у, — бацамыдта Р. Чейни, — мах кæй дзурæм америкаг æфсад зынгæ фæкъаддæр кæныныл. Йæ нымæц æрхаудзæн 1980 азæй фæстæмæ тæккæ къаддæрмæ».

ТЫХМИ — НАЛ

СОФИЯ. (СЦТА). «Хъуамæ æппындæр макуы уал уа тыхми, макуы уал уа æнæзакъон ми дæр. Нæ сæртæ къул кæнæм тоталитаризмы амæттæгты раз». Ахæм фыстимæ зæрдыллдарæн фæйнæг байгом кодта адæмон Республикæ Болгарийы президент Петр Младенов Ловечмæ хæстæг дурсæттæны, уым дæс æмæ ссæдз азы размæ дур састой, цы «фæллойадон лагерь» дзы уыдис, уым уæвæг ахст адæм. Фæйнæг гом кæнгæйæ, уым уыдис АРБ-йы Министрты Советы сæрдар Андрей Луканов.

50-æм азты кæрон — 60-æм азты райдайæны чи уыд, фæлæ болгайраг æхсæнад æрмæст Тодор Живковы тоталитарон хицаудзинад фехалыны фæстæ кæй базыдта, Ловечы уыцы лагерь адæм базыдтой, уым æхстытæн фыдмитæ кæй кодтой, уый тыххæй хъусынгæнинæгтæм гæсгæ.

АНТАНАНАРИВУ. Мадагаскарыл социализмы нысантæ хъахъхъæнын, сакъадахыл æнæкъласон æхсæнад саразыныл тох, горæтты æмæ хъæуты мадагаскайраг фæллойгæнджыты архайд бану кæнын — ахæм хæстæ æвæры йæ размæ ног парти «Тохгæнæг кусджытæ æмæ зæхгæнæг кусджытæ» (МТМ). Йæ фылдæр хай Мадагаскары алыхуызон профцæдисты активисттæ кæмæн сты, уыцы МТМ-йы мидбæстон политикон архайды зæрды ис. рæзты социалистон фæндаджы фарс чи хæцы, уыцы партиты ног национ фронт саразын.

НОГ ПАРТИ

ХЪÆУЫНЦ РАЦАРÆЗТЫТÆ

БОНН. (СЦТА). Германбану кæныны хъуыддаджы æмрæнхъ хъуамæ къаддæргонд цæуой, хæцæнгæрзтæ æмæ хæстон промышленность æвæрд цæуа сабыр продукци уадзыны фæндагыл. Æруадзæн нæй уымæн, æмæ фидæны иумæйаг германайнаг паддзахадмæ уа Европæйы бæстастæу тæккæ тыхджындæр æфсад. Уый æмбæлгæ тасдзинад сæвзæрын кæнид сыхæгтæм, загъта информацион бюллетень «Парламентариш политишер — прессединст»-æн хæстон куыстад сабыр продукци уадзынмæ раивыны фæдыл парламенты ГСИП-ы кусæг къорды сæрдар Герт Вайскирхен.

Бынтон бæлвырд у, Европæйы демократон рацарæзтыты æвуæлты æнæмæнг фендæрхуызон кæнын кæй хъæуы æфсæддон уавæр дæр, бацамыдта Г. Вайскирхен.

Югославийы хуыздæр архитектуроя уацмысыл 1989 азы нымад æрцыд авиацийы музей (къамы). Хъуыддаг хорззонæг къамис æй схуыдта «Рæстæджы нысан».

ТАНЮГ—СЦТА-йы нст къам.

НОМДЗЫД БАРÆГ

Ирон адæммæ уыдис бирæ номдзыд барджытæ. Уыдон кад кодтой нæ чысыл Ирыстонæн дунейы алы къуымты. Ирон адæмæн хорз зонгæ сты Гатыккоты Моисейы, Гуццаты Агуыбейы, Хъантемыраты Алыбеджы, Тугъанаты Михалы, Хъантемыраты Ирбеджы, Додготы Петры, Тугъанаты Дзерассæйы, Кочынаты Мухтары æмæ æндæрты нæмттæ.

Барæджы аивад æнцон нæу, æмæ йын лæгдзинад, стыр хъару кæй хъæуы, уый, мæнмæ гæсгæ, алы адæймаг дæр зоны. Уымæн æмæ барæг æмæ йæ бæх хъуамæ архайой кæрæдзи 'мбаргæйæ. Æрмæстдæр бирæ фыдæбæтты фæстæ бафты адæймаджы къухы æнтыстдзинæдтæ.

Дунейæн зындгонд сты хъæддаг бæхты æрмахуыр скæныны алыхуызон мадзæлттæ. Фæлæ абоны онг дунейæн зындгонд не сты, ирон адæммæ кæй уыдис ноджы хуыздæр æмæ фылдæр мадзæлттæ хъæддаг бæхты æрцахуыр кæнынæн. Уый афтæ кæй уыдис, уымæн ирд æвдисæн — нудæсæм æнусы кæрон англисаг газет «Дели Диспач»-ы мыхуыргонд статья, ахæм сæргондимæ: «Холодная вода — средство укрощения диких лошадей». Уым фыст уыдис: «Хъæддаг бæхты æрцахуыр кæнын у стыр уæззау æмæ зын. Уый йемыдзаг вæййы катайæ, уыцы ныхæстæ дзургæйæ, Гуццаты Агуыбе — барæг-хъазахъхъаг, кæцы йæ диссаджы æрæхстдзинæдтæй адæмы йæхимæ æркæсын кодта Манчестеры цирчы, æнцой кодта йæхи фæлтæрддзинадыл. Уымæн æмæ Агуыбе уыцы фæлтæрддзинад банкъардта æмæ бавзæрста йе 'взонг азты, Кавказы цæргæйæ. Гуццаты Агуыбе фехъусын кодта «Дели Диспач»-ы минæварæн, зæгъгæ, хъæддаг бæхы æрмахуыр скæныны кавказаг мадзæлттæ зынгæ хицæн кæнынц американаг ковбойты мадзæлттæй.

— Куыддæр бæхтæ æрцахсæм, — загъта Гуццайы-фырт, — афтæ сæ батæрæм цæугæдоны ахæм арфмæ æмæ дон скæлы суанг сæ гуырмæ. Цæугæдоны размæ лæгæрдгæйæ бафæллайынц уайтагъд æмæ ссæдз минуты фæстæ æрсабыр вæййынц хъуццыты хуызæн. Бæхты ахæм мадзæлттæй ахуыр кæнын пайда у куыд бæхæн йæхицæн, афтæ барæгæн дæр. Афтæмæй архайгæйæ, барджыты фылдæр хатт бахъæуы сæхи найын. Донæй бæхты дзæбæх кæнын хъæуы 3—4 боны, цалынмæ сæ хицауы ныфс æмæ хъару нæ банкъарой, уæдмæ.

Цирчы фæзы Гуццаты Агуыбейы бæх сахатмæ фезгъоры 35 милы. Уыцы рæстæг барæджы номыртæй иу у бæхы бынты абырын æмæ фæстæмæ саргъмæ сгæпп кæнын. Уыцы рæстæджы барæджы сæр вæййы тæссаг ран — бæхы сæфтæджыты астæу. Раздæр ацы фердæхтытæ æмæ номыртæ Гуццаты Агуыбе дæсгай азты æххæст кодта Петербурджы цирчы фæзы.

— Иу рæстæджы уыдис ахæм хабар, — æрæмысыд Агуыбе, — æмæ, номыр æххæст кæнгæйæ, мæ бон саргъмæ сгæпп кæнын нал ссис. Мæ иу къах фæфидар ис æгъдæнцойы æмæ мæ бæх йæ фæстæ ласта, мæ сæр уыдис зæххыл, афтæмæй. Æз ныхъхъæр кодтон: «Баххуыс мын кæнут», Фæлæ, хъыгагæн, циркмæ кæсджытæ афтæ æнхъæлдтой, цыма уый программæйы иу хай у. Фæлæ иу афон сылгоймæгтæ бандзыг сты фыртæссæй. Æз бауадзыг дæн. Куы сдзæбæх дæн, уæд мын загътой, бæх мæ фæзы йæ фæстæ кæй аласта 18 зылды. Фервæзын мæ кодтой дыууæ пъæлицæйаджы æмæ цирчы хицау. Уыдон баурæдтой бæхы.

Æз фæдæн уæззау цæфтæ: мæ сæр иууылдæр уыдис тугæй амæзт. Фæхуыссыдтæн æртæ мæйы æмæ та фæстæмæ сбадтæн саргъыл.

Цалдæр хатты Гуццаты Агуыбе йæ бæхыл æрбацыдис Пятигорскæй, уый ис Кавказы, у 500 милы дæрддзæгæн, фæндагыл-иу фæцыдис 10 боны».

ГАДЖИТЫ Сергей,
доцент.

ÆРГОМ НЫХАС

Ивгъуыд майрæмбоны С. М. Кировы номыл республикон наукон библиотекæйы æмбырдгæнæн залы журнал «Мах дуджы» редколлегийы уæнгтæ фембæлдысты журналкæсджытимæ.

Фембæлд цыбыр раныхасæй байгом кодта Цæгат Ирыстоны АССР-йы Фыскомы цæдисы правленийы сæрдар Малиты Васо. Нысасы бар радта журналы сæйраг редактор Хъодзаты Æхсарæн. Уый фæстæ ивгъуыд аз ирон поэзийы хорзæй цы фæзынд, уый тыххæй радзырдта редколлегийы уæнг, филологон науки кандидат, поэт Джыккайты Шамил. Загъта, зæгъгæ, фарон нæ поэзийы ахъаззаг уацмыстæ нæ уыд нæдæр «Мах дуджы», нæдæр «Рæстдзинад»-ы, нæдæр — рауагъдад «Ир»-ы. Афтæ зæгъæн нæй, — дзырдта дарддæр Шамил, — æмæ нæм хицæнтæй хорз æмдзæвгæтæ фыст не 'рцыд. Æрцыд. Фæлæ хæрзчысыл. Афтæ мæм кæсы, æмæ нæ литературæйы уавæр æндзыг хай: Хъодзаты Æхсар, Плиты Грис, Цæрукъаты Алыксандр æмæ ма иу цалдæрæй. Æхсызгон мын уыд журнал туркаг ирон Пухаты лæппуйы æмдзæвгæтæ кæй ныммыхуыр кодта, уый. Ацы лæппу фыссы зæрдæйæ. Уый кæддæриддæр æнцондæр вæййы. Цыбырдзырдæй, фарон нæ поэтикон тыллæг бæллиццаг нæ рауад.

Прозæйы тыххæй дæр Шамилæн йæ хъуыды уыд ахæм, æмæ нæм уадиссагæй ницы фæзынд.

Уый фæстæ йæ куысты, журналы фæлгонц æмæ мидисы тыххæй фембæлды уæвджытæн радзырдта йæ сæйраг редактор Хъодзаты Æхсар. Загъта, зæгъгæ, журналмæ кусынмæ куы цыд, уæд йæ зæрды кæй уыд йæ фæхуыздæр кæнын, кæй йæ фæндыд фидар бастдзинæдтæ дарын республикæйы сфæлдыстадон цæдисты минæвæрттимæ, нæ ахуыргæндтимæ. «Фæлæ уынæм, — дзырдта дарддæр Æхсар, — литературон æрмæг фæхуыздæр кæнын æнæхъæн аз Къарджиаты Бекызæйы æрмæг не 'гъдæутты тыххæй кæй фæмыхуыр кодтам. Ныр сæ бабиноныг кодтон, æмæ рæхджы рауагъдад «Ир»-ы рацæудзысты хицæн чиныгтæ. Тагъд мыхуыр кæнын райдайдзыстæм Бзарты Русланы æрмæг нæ адæмы историйы тыххæй...

Уый фæстæ журналы тыххæй сæ хъуыдытæ загътой профессор Блиты Макс, республикæйы Адæмон ахуырады министр Къарджиаты Эльбрус, ЦИПУ-йы ахуыргæнæг Хозиты Барис, поэт Хаджеты Таймураз æмæ — Журналы сæрмагойд рубрикæ «Нæ Иры хæрзгæнджытæ» кæй фæзынд, уый. Уым мыхуыргонд æрцыдысты æрмæджытæ Тæбæхсæуты Балойы, Виктор Долидзейы, Гæздæнты Гайтойы, Æмбалты Цоцкойы, Байаты Гаппойы æмæ иннæ ирон дзырддзæгæ адæймæгты тыххæй. Уымæй уæлдай ма журналты æнтыстыл нымайын, æнæхъæн аз Къарджиаты Бекызæйы æрмæг не 'гъдæутты тыххæй кæй фæмыхуыр кодтам. Ныр сæ бабиноныг кодтон, æмæ рæхджы рауагъдад «Ир»-ы рацæудзысты хицæн чиныгтæ. Тагъд мыхуыр кæнын райдайдзыстæм Бзарты Русланы æрмæг нæ адæмы историйы тыххæй...

Уый фæстæ журналы тыххæй сæ хъуыдытæ загътой профессор Блиты Макс, республикæйы Адæмон ахуырады министр Къарджиаты Эльбрус, ЦИПУ-йы ахуыргæнæг Хозиты Барис, поэт Хаджеты Таймураз æмæ

ТЫДЖЫТЫ Юрий

Мад æмæ фырт

ПОЭМÆ

Хæсты уæззау хъæдгом нырма
Бынтон нæ байгас и. Нæма
Фæхудт йæ дзыхыдзаг Гыцци,
Йæ уды цæссыгтæй йæхи
Цы заман нал гехсдзæн, цы бон!
Йæ дудаг сагъæстæн кæрон
Кæд фендзæн урсдзыккуджын мад,
Кæд нал тæлфдзæн йæ риуы уад!.
Йæ хъæбул бабын и кæддæр,
Нæ йæ уырны йæ сæфт уæддæр...

1

О, систой Киевы зæххыл
Фыдуацтæ халæттау тæхын...
Хæст судзы..: Дур-мæсыг хæлы...
Хæст судзы,.. Дидинæг мæлы,
Бæзджын хъылма фæздæг кæлы.
Хæст судзы... Туджы маптæ — сырх,
Хæдзар хæдзары фарсмæ — пырх.
Хъуынтъыз3æй а сахар кæсы,
Æлгъаг тыхгæнæг æм кæсы
Æххормаг бирæгъæй фыддæр...
Æмбу, æнæескъуыйгæ уынæр...
Хур тар ныгуылæнмæ фæкъул.
Бырсы гæрзифтонгæй фыдгул.
Фæлæ нæ бады сах йæ хъул...
Хæмæт — бæрзонд хæхты хъæбул,
Æвзыгъд дзæбидыры æнгæс,
Тымыгъты сфæлтæрæг цæргæс.
Хæмæт — хъамбулуæраг лæппу.
Фыцы йæ къабæзты хъару.
Нæ, нæ! Нæ капитан Хæмæт
Йæ сæрмæ но 'ппарæм да хæл...
Ныххуыфы сармадзан, хъæрзгæ...
Хæмæт, рын-пиллонæй кæрзгæ,
Мыстау нæ бафснайдта йæ цард,
Рæстдзæф — йæ топп, фæрикк —
йæ кард.

«Сæрибар адæмы фæлтæр,
Æйтт размæ!» — анæрыд йæ хъæр...
Хæмæтитæ уæйгуытау раст
Сæхи дыкъахсырдтыл æваст
Ныццавтой, ассæстой сæ тынг,
Уым цалæн ахуыссыд сæ зынг!..

Æрбатæры та знаг йæ ных,
Йæ тыхыл та æфтауы тых.
Ныххуыфы сармадзан æвæхс,
Уый зæххæй сыскъуыны гæбаз...
Цы фæуыдаид, цы, Хæмæт!
Кæм и йæ кой, кæм и йæ фæд!..
Уый уæртæ къулгæрон хуыссы
Æнæзмæлгæ. Цæуыл тыхсы!
Нæ, ницуал æмбары ныр,
Куыддæр йæ мидбынат нымыр.
Фыдгулы минæ йæм хæстæг
Ныззембыдта, æрхаудта лæг...

2

Йæ къуыс-къуыс дымгæйæн цæуы...
Хæмæт фашисты цур лæууы,
Йæ фæндтæн амынæг сæ рухс,
Уый «адджын» ныхæстæм фæхъус:
«Куы базыдтам, ирон дæ ды, —
Æндæр нæм равзæрди хъуыды...
Куы бахаудтæ цæхæры, уæд
Уыдаис афонмæ ныгæд.
Фæлæ нæ айсæфти дæ фæд
Æлгъын нæ разынди хъысмæт...
Дæ зонд æруазал и, сындæг
Дæ цæфтæ бабастам сыгъдæг
Æмæ дын бахыстам дæ царм.
Фæлæ дæ хæцæнгарзæн мард
Æрцыд нæ уаритæй дзæвгар,
Сæ дуне уыдоныл ныттар,
Таурхон дын хъуамæ уа — адзал,
Æрмæст дын не 'ппарæм дæ хал...
Ды дæ нæхион, ну — нæ тут.
Зæгъ-ма, цы кодтай, цы, хуыдуг
Ды Украинæйы сæрыл!
Кæуыл дæ кузæрдыг, кæуыл!
Ды уымæн чи уыдтæ! Цæгъар!
Нæ фæрцы дын — æгæрон бар...
Дæ рæдыдыл, Хæмæт, фæсмон
Æндонæй байсæрстой сæхи.
Фæйлаугæ денджызау — нæ ныфс.
Цы ран и Киев — уый уыныс.
Рæхджы Сырх Мæскуы, Сталинград
Нæ салдæттæн кæндзысты кад!
Æмæ нæуу сусæггаг, лымæн, —
Фæдзæхсæм иу хъуыддаг дæуæн:
Нæ джебогъыл нын фидар хæц,
Уырысимæ нын карзæй хæц!..
Цы лæхурыс, цъыфдзасты гуырд,
Æви нæ бахъардта нæ дзырд
Дæуæ! Цы фесхъæл дæ тызмæг,
Кавказаг даргъхъусджын хæрæг,
Дæ къух кæмæ фæхъил, кæмæ!!
Хуыцау дæ ралгъыста æмæ»...

3

Бæлас æрхæндæгæй лæууы,
Бæласы хихæй уыг кæвы...
Æрдонджы сонт цъæхæхст нæры,
Хæмæты, схойгæйæ, тæры;
Хæмæт ыл акалид йæ маст,
Фæлæ йæ болат цæнгтæ — баст.
Хæмæты рустыл туг — хъæбæр,
Æртыхст ыл хъизæмар, уæддæр
Цæуы сæрыстырæй Хæмæт,
Цæуы, æвзиды йæм мæлæт...
Нæу ауындзæны раз æнкъард,
Æвронг бæллицты атахт дард;
Æрымысыди Иры арв,
Нæ Терчы знæт уылæнты арф,
Йæ былгæрон — хъæдабæ нæуу,
Йæ райгуырæн, йæ зынаргъ хъæу,
Гыццийы... Хинымæр æнцад
Зæгъы: «Мæ ныййарæг, мæ мад,
Дæ бирæ дзæбæхтæй чысыл
Куы бафыстаин. Уый хæсыл
Нымадта амондау дæ фырт,
Фæлæ фæмæнг, Гыцци, мæ дзырд...
Мæн домы уыцы катай ныр
Йæ сыдзæхгæд уырзтæй. Мæныл
Дæ зæрдæ ма фæхудæд, ма, —
Цы ма кæнон, Гыцци, цы ма!..
Хæрзбон, мæ хъоппæрцæст Тамар,
Хæрзбон, фæсайдтон дæ, ныббар.
Цыкура-фæрдыг дæ хуыдтон,
Мæ цин дæ фæлгонцы уыдтон.
О, нал дыл фембæлдзынæн, охх...
Уæууа, æрлæмæгъ и мæ тох...
Хæрзбон, Фыдыбæстæ, хæрзбон,
Ды маудал бавзар, ма, зындон.
Мæ туг мæ хъæлæсæй фæтагъд,
Мæ хур æрныгуылдзæни тагъд...
Дæ хуымты хъæлдзæгæй куыстон,
Дæ рæгъыл фосы дзуг хызтон.
Ныббар, куырыхонау дæ фаг
Нæ кодтон хорз лæггад, мыййаг;
Кæд дын нæ бафыстон дæ хæс,
Кæд ма дæ исты дарын æз...»

4

О, сыстадн пырхæнтæй ног
Хъæбатыр Киев, у æвзонг.
Йæ уæнгтæ айвазта уæрæх,
Йæ сæрмæ арвы тыгъд фæцъæх.
Фæлæ дзы нæ, нæ ферох хæст,
Йæ тæрты уазал мигъ куыд лæст.
Æмæ йæ сагайы йæ рис.
Йæ парахат хъæбысы нс
Егъау æфсымæрон нигæн,
Зынгхуыст æфсæддоны æхсæн
Хæмæт — ирыстойнаг — хуыссы...
Нæ дуг сын кадджытæ фыссы.

✦

Фæлæ ныййарæгæн хъæбул
Нæ амардн, цæры йæ хур!..
Йæ катай зæрдæйы хæсгæ
Æмæ нытуылæнмæ кæсгæ,
Куы сфæлмæцы, фæзæгъы уæд:
«Кæм дæ, мæ ахсджиаг Хæмæт.
Гыццийы бадомдта дæ мæт.
Кæд мын æрбахойдзынæ, кæд.
Нæ дуар! Дæ нывонд уа мæ сæр.
О, фехъус ацы хатт мæ хъæр...

КАСУТ ÆМÆ ХЪУСУТ

Телеуынынад

БЫНÆТТОН ПРОГРАММÆ 20 АПРЕЛЬ МАЙРÆМБОН

17.00 — Ирыстон абон. 17.20 — «Продление рода». Аивадон киноныв. 18.45 — «Зарæг сымахимæ». Музыкалон программæ завод «Китон»-ы коллективæн. 19.15 — «Уалдзæг Ирыстоны». Уæлæмхасæн информацион программæ «Ирыстон абон»-мæ. 19.30—Ирыстон абон. 20.00 —ЦТ. «Хæрзæхсæв, сабитæ». 20.15 — СЦКП-йы XXVIII съезды агъоммæ. «Æргом писмойы сахат». Ныхас кæнæм СЦКП йы Платформæйы проектыл. Комкоммæ эфир. 21.00 — ЦТ.

21 АПРЕЛЬ. САБАТ

17.00 — «Шестое июля». Аивадон киноныв. 18.50 — «Эллиптæ аланты æхсæн». Грекы культурæ Цæгат Ирыстоны. 19.40 — «Ленин у цардæгас». Программæ В. И. Ленины райгуырды 120 азы бонмæ. 20.15 — «На ринге». Мультикиноныв. 20.25 — Ирыстон абон. Информацион программæйы сæрмагонд рауагъд коммунистон зиуы фæдыл. 21.00 — ЦТ.

22 АПРЕЛЬ. ХУЫЦАУБОН

17.00 —«Долой коммерцию на любовном фронте». Аивадон киноныв. 18.10 — Уæлахизы 45 азы бонмæ. «Ныббырсты бонтæ æмæ æхсæвтæ». Сталинграды тох. 18.40 — Рекламæ. 18.45 — Студийы — СЦКП-йы обкомы социалон-экономикон хайады сæргълæууæг Ю. Кирилкин. 19.05 — «А-ло-лай». Аргъау. 19.15 — Ирыстон абон. 20.00 — ЦТ. «Хæрзæхсæв, сабитæ». 20.15 — «Адæмон курдиæттæ». Адæмон театртæм республикон æркасты бæрæггæнæнтæ. 21.00 — ЦТ.

Радио

БЫНÆТТОН ПРОГРАММÆ 20 АПРЕЛЬ. МАЙРÆМБОН

7.30, 8.25 — Дæ райсом хорз, Ирыстон! 8.55 — Республикон газеттыл афæлгæст. 15.30 — Ногдзауты арт. 15.50 — «Ногæй та хæрзхъæддзинады тыххæй». Бесланы агуыри д у р г æ н æ н. 16.10 — «Ирон ленинианæ». Литературон-музыкалон композици. 16.37 — Фæндыргæй цæгъды Хосроты Л.

21 АПРЕЛЬ. САБАТ

7.30, 8.25 — Дæ райсом хорз, Ирыстон! 8.55 — Республикон газеттыл афæлгæст. 13.00 — Дзесты К., Бицъоты Г. «Æнусмæ цардæгасном». Радиоспектакль. 13.48 — Æрыдоны Культурæйы хæдзары адæмон зарæггæнджыты концерт. 15.15 — Информацион программæйы сæрмагонд рауагъд коммунистон зиуы боны фæдыл.

22 АПРЕЛЬ. ХУЫЦАУБОН

11.00 — Чеджемты Æ. Хъæууон этюдтæ. 11.20 — «Музыкæйы зæлтæ». Радиокомпозици. 14.00 — Ныхас кæнæм СЦКП-йы ЦК-йы Платформæйы проектыл (Рахизфарсы район). 14.20 — Нæ сыхæгтæм. «Музыкæ нæ сайы». Стъараполаг композитор В. Чернявскийы тыххæй. 14.51 — Хъусынгæнинæгтæ.

БОНЫХЪÆД

Гидрометбюро куыд хъусын кæны, афтæмæй 20 апрелы нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы 16—21 градусы хъарм, горæт Орджоникидзейы — 16—18 градусы хъарм.

СРАСТГÆНИНАГ

Газет «Рæстдзинад»-ы 19 апрелы номыры Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы адæмон фæлхасады товарты, базарады, цæрæнуатæ — коммуналон адæмæн цардыуаджы æмæ æндæр лæггæдты комитет равзарыны тыххæй Сæйраг Советы уынаффæйы уагъд æрцыд рæдыд. Комитеты сæрдарæй æвзæрст æрцыд Татраты Никъала Варламы фырт.

Редактор ХЪЕСАТЫ В.

публикон наукон библиотекайы æмбырдгæнæн залы журнал «Мах дуджы» редколлегийы уæнгтæ фембæлдысты журналкæсджытимæ.

Фембæлд цыбыр раныхасæй байгом кодта Цæгат Ирыстоны АССР-йы Фыскджыты цæдисы правленийы сæрдар Малиты Васо. Нысхасы бар радта журналы сæйраг редактор Хъодзаты Æхсарæн. Уый фæстæ ивгъуыд аз ирон поэзийы хорзæй цы фæзынд, уый тыххæй радзырдта редколлегийы уæнг, филологон наукæты кандидат, поэт Джыккайты Шамил. Загъта, загъгъæ, фарон нæ поэзийы ахъаззаг уацмыстæ нæ уыд нæдæр «Мах дуджы», нæдæр «Рæстдзинад»-ы, нæдæр — рауагъдад «Ир»-ы. Афтæ загъæн нæй, — дзырдта дарддæр Шамил, — æмæ нæм хицæнтæй хорз æмдзæвгæтæ фыст не 'рцыд. Æрцыд. Фæлæ хæрзчысыл. Афтæ мæм кæсы, æмæ нæ литературæйы уавæр æндзыг замантæй (дзурын куы нæ уагътой), æдзæллагдæр раны нс. Æвæццæгæн, æцæг поэзи райгуыры зынвадæгты. Æргом дуджы заман куы ралæууыд, уæд се 'тас дæр февнæлдтой не 'взаджы, нæ культурæйы тыххæй фыссынмæ. Фæлæ ныр уый ницуàл ахъаз у. Алцы дæр кæнын хъæуы йæ афоныл. Æвзаджы сæрыл дæр дзурын хъуыд, куы йæ ныххурх кодтой, уæд. Уыцы рæстæджыты йæ сæрыл уæндонæй чи сдзырдта, æхæм адæймæгтæ дæр нæм уыд. Æрмæст нæ чысыл Алыксандр æмæ Бибылаты Шамил журнал туркаг ирон Пухаты лæппуйы æмдзæвгæтæ кæй ныммыхуыр кодта, уый. Ацы лæппу фыссы æрдæйæ. Уый кæддæриддæр æнцондæр вæййы. Цыбырдзырдæй, фарон нæ поэтикон тылл æрбаллицыг нæ рауад.

Прозæйы тыххæй дæр Шамилæн йæ хъуыды уыд ахæм, æмæ нæм уадисагæй ницы фæзынд.

Уый фæстæ йæ куысты, журналы фæлгонц æмæ мидисы тыххæй фембæлды уæвджытæн радзырдта йæ сæйраг редактор Хъодзаты Æхсар. Загъта, загъгъæ, журналмæ кусынмæ куы цыд, уæд йæ æрдыл кæй уыд йæ фæхуыздæр кæнын, кæй йæ фæндыд фидар бастдзинæдтæ дарын республикæйы сфæлдыстадон цæдисты минæвæрттимæ, нæ ахуыргæндтимæ. «Фæлæ уыимæ, — дзырдта дарддæр Æхсар, — литературон æрмæг фæхуыздæр кæнын, кæй зæгъын æй хъæуы, нæ бон нæ уыд, æмæ уыимæ гæсгæ мыхуыр кодтам, редакцимæ нæм цы æрмæг цыд, уый нууылдæр. Ныртæкæ ирон адæммæ хиæмбарынад куыд нылл æг у, афтæ , ницавæр адæммæ у. Уымæн ну цæвиттон. Нæ республикæйы сæйраг горæты номы алыварс ныр дзæвгар рæстæг цæуы ныхас. Фæлæ ну хъуыдымæ æрцæуын нæ бон нæ баци».

Фарст «Журналы æнтыстдзинадыл цы нымайыс»-æн Æхсар дзуапп радта:

Ныззæмбыдта, æрхаудта лæг...

2

Йæ къуыс-къуыс дымгæнæн цæуы...
Хæмæт фашисты цур лæууы,
Йæ фæндтæн амынæг сæ рухс,
Уый «адджын» ныхæстæм фæхъус:
«Куы базыдтам, ирон дæ ды, —
Æндæр нæм равзæрди хъуыды...
Куы бахаудтæ цæхæры, уæд
Уыданс афонмæ ныгæд.
Фæлæ нæ айсæфти дæ фæд.
Æлгъын нæ разынди хъысмæт...
Дæ зонд æруазал и, сындæг
Дæ цæфтæ бабастам сыгъдæг
Æмæ дын бахызтам дæ цард.
Фæлæ дæ хæцæнгарзæй мард
Æрцыд нæ уарзтæй дзæвгар
Сæ дуне уыдоныл ныттар,
Тæрхон дын хъуамæ уа — адзал,
Æрмæст дын не 'ппарæм дæ хал...
Ды дæ нæхион, ну — нæ тут
Зæгъ-ма, цы кодтай, цы хуыдуг
Ды Украинæйы сæрыл!
Кæуыл дæ нузæрдыг, кæуыл!
Ды уымæн чи уыдтæ! Цагъар!
Нæ фæрцы дын — æгæрон бар...
Дæ рæдыдыл, Хæмæт, фæсмон
Æркæн. Уыдзæни дын æнцон
Нæ тырысайы бын. Дæ сом —
Дæ фидæн сæрттивдзæнк зонг
Нæ салдæттæн сæттæн кæм ні..

3

Ныббар, куырыхонау дæ фаг
Нæ кодтон хорз лæггад, мыйаг;
Кæд дын нæ бафыстон дæ хæс,
Кæд ма дæ исты дарын æз...»

4

О, сыстадн пырхæтæй ног
Хъæбатыр Киев, у æвзонг.
Йæ уæнгтæ айвазта уæрæх,
Йæ сæрмæ арвы тыгъд фæцъæх.
Фæлæ дзы нæ, нæ ферох хæст,
Йæ тæрты уазал мигъ куыд лæст.
Æмæ йæ сагайы йæ рис.
Йæ парахат хъæбысы нс
Егъау æфсымæрон нигæн,
Зынгхуыст æфсæддоны æхсæн
Хæмæт — ирыстойнаг — хуыссы...
Нæ дуг сыл кадджытæ фыссы.

✦

Фæлæ ныййарæгæн хъæбул
Нæ амардн, цæры йæ хур!..
Йæ катай зæрдæйы хæсгæ
Æмæ ныгуылæнмæ кæсгæ,
Куы сфæлмæцы, фæзæгъы уæд:
«Кæм дæ, мæ ахсджиаг Хæмæт.
Гыццийы бадомдта дæ мæт.
Кæд мын æрбахойдзынæ, кæд.
Нæ дуар! Дæ нывонд уа мæ сæр.
О, фехъус ацы хатт мæ хъæр..
Уæд та цæнкуылтæй дæр хъæмæ
Куы ссæуис. Раздæх, цæй, мæнмæ!..»

1971 аз.

ÆВЗОНГ ТУРИСТТÆ

Æртыккаг аз республикæйы туристты станцæты кусы æвзонг туристты базæ «Бæлццон». Ардæм Цæгат Кавказæй, Украинæйæ, æндæр рæттæй арæх æрбацæуынц хистæр кълæсты ахуырдзаутæ. Хæрз æрæджы базæйы уыдысты æмæ сæ цыбыр рæстæг хъæлдзæгæй арвыстой Донецк æмæ Макеевкæйы æрыгон туристтæ. Зæрдæмæдзæугæ экскурситæ сын сарæзтой фæлтæрджын инструктортæ Бырнацты Тотырбег, Базиты Сергей æмæ Константин Кузьминов. Уыдон не 'взонг уазджытæн фенын кодтой нæ республикæйы сæйраг горæты зæрдылдаринаг бынæттæ, балцы сæ ахуыдтой Дайраны нарæгмæ, Куыртатæ коммæ, Цъæймас..: Тынг æхсызгонæй фæкастысты нæ алæмæты æрдзы рæсугъд бынæттæм.

Æрыгон уазджытæ, сæхимæ цæугæйæ, бирæ арфæтæ фæкодтой сæ фысымтæн.

Нæ уацхæссæг.

«СОЦИАЛИСТИЧЕСКАЯ ОСЕТИЯ» МЫХУЫР КÆНЫ

Номыры — æрмæг Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы дыууадæсæм рæзæрст Сæйраг Советы дыккаг сессийæ.

«Цæстæнгас» — ахæм рубрикæйы бынмæ мыхуыргонд æрцыд уацхæссæг Нелли Бетчеры статья Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветеранты тыххæй.

Цыбыр уацхъуыдты ныхас цæуы республикæйы уалдзыгон быдырон куыстытыл.

Æрыдоны районы совхоз «Красногор»-ы дзуапдæттæнæвзарæн æмбырдæй фыссы Æвсæрæгты Л.

Арæзтадон организаци «Цæгирарæзтад»-ыл сæххæст 40 азы. Уый фæдыл газет мыхуыр кæны æрмæг.

Республикæйы сæйраг горæтæн ном раттыны тыххæй сты фæллойгæнджыты хъуыдытæ æмæ фæндæттæ.

Номыры — Ю. Жилкины писмо, æндæр æрмæг республикæйы цардæй.

Орджоникидзейы 4-æм интернат - скъолайы ахуырдзаутæ цæмæй теоретикон ахуыртæ бæттой практикæимæ, уымæн сын ис алы уавæртæ дæр. Кълæстæ ифтонггонд сты алыхуызон инструменттæй Разамынд сын дæттынц, йæ куыст хорз чи зоны, ахæм ахуыргæнджытæ.

КЪАМЫ: хъæды куыстгæнæн кълассы ахуыргæнæг (галиуæлыгæй дыккаг) ТОМАЙТЫ Æмзор уроны рæстæг.

Къам систа
КЪÆБЫСТЫ Х.

Редактор ХЪЕСАТЫ В.

Цæгат Ирыстоны паддзахадон драмон театры

22-æм АПРЕЛЫ

Брытъиаты Елбыздыхъойы пьесæ «ХАЗБИ»-мæ гæсгæ æвæрд хæрзаудæн спектакль ирон аргъуанæн æххуысы охыл.

Спектакль райдайдзæн изæры авд сахатыл.

ХУЫЦАУБОН

17.00 —«Долой коммерцию на любовном фронте». Аивадон киноныв. 18.10 — Уæлахизы 45 азы бонмæ. «Ныббырсты бонтæ æмæ æхсæвтæ». Сталинграды тох. 18.40 — Рекламæ. 18.45 — Студийы — СЦКП-йы обкомы социалон-экономикон хайады сæргълæууæг Ю. Кирилкин. 19.05 — «А-ло-лай». Аргъау. 19.30 — Хъусынгасинæгтæ.

БОНЫХЪÆД

Гидрометбюро куыд хъусын кæны, афтæмæй 20 апрелы нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы 16—21 градусы хъарм, горæт Орджоникидзейы — 16—18 градусы хъарм.

СРАСТГÆНИНАГ цардыуаджы æмæ æндæр

Газет «Рæстдзинад»-ы 19 лæггæдты комитет равзарыны апрелы номыры Цæгат Ирыстоны Сæйраг Советы уыстоны АССР-йы Сæйраг Советы уагъд æрцыд рæветы адæмон фæлхасады тодыд. Комитеты сæрдарæй варты, базарады, цæрæнуæт-æвзæрст æрцыд Татраты Нитæ — коммуналон. адæмæн къала Варламы фырт.

362015 — ЦИАССР. г. Орджоникидзе. Тбилисы уынг. 98. «Мыхуыры хæдзар»

Телефонтæ:
- Редактор — 5-46-36, 5-45-27.
- Ред. хæдивджытæ — 5-55-89, 5-35-87.
- Бæрнон секретарь — 5-44-37.
- Бæрнон сек. хæдивджытæ — 5-46-39.

ХАИÆДТÆ:
- Партион-идеологон куыст 5-45-36, 5-35-88.
- Советон куыст æмæ барад — 5-44-19, 5-35-88.
- Индустрион-экономикон — 5-45-31.
- Агропромышленнон — 5-37-97, 5-45-16.
- Культурæ, ахуырад, наукæ — 5-53-74, 5-44-33.
- Спорт, информацн — 5-35-92, 5-53-72.
- Писмоты, социалон рæзт — 5-44-57 5-63-19.
- Къамисæг, нывгæнæг — 5-56-50.
- Тæдмацгæнæг — 5-63-19.
- Корректортæ — 5-67-03.
- Изæрон редакцн — 5-35-71.
- Бухгалтери — 5-36-68.

Газет цæуы афæдз 250 хатты, къуыри та — фондз хатты. Индекс — 53901, 2

ЕИ 00991 Бæрзонд мыхуыр. 1,86 мыхуырон сыфы. Тираж — 23.500 Заказ № 222

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы рауагъдады типография. 362015, г. Орджоникидзе, Тбилисы уынг, 98.